

# Haitian Creole Kreyòl Ayisyen

elevate science

## A

**abiotic factor | faktè abyotik** Yon pati inanime nan abita yon òganis.

**abrasion | abrazyon** Fwòtman wòch ki fèt avèk lòt patikil wòch dlo, glas oswa van pote.

**absolute age | laj absoli** Laj yon wòch yo bay kòm kantite ane depi wòch la te fòme.

**absolute brightness | liminozite absoli** Klète yon etwal ta genyen si li te nan yon distans nòmal de latè.

**absolute zero | zewo absoli** Tanperati kote yo paka retire enèji nan matyè ankò.

**absorption | absòpsyon** 1. Pwosesis kote molekil nitritif pase atravè pawa sistèm dijestif la pou ale nan san an. 2. Pwosesis kote yon objè resevwa, oswa absòbe limyè.

**abyssal plain | plèn abisal** Yon zòn lis, prèske plat nan fon lanmè a.

**acceleration | akselerasyon** To chanjman nan yon vitès.

**acid | asid** Yon sibstans ki gen yon gou ki si, ki reyaji avèk metal ak kabonat, e ki fè yon papye tounesòl ble tounen wouj.

**acid rain | lapli asid** Lapli oswa yon lòt fòm presipitasyon ki gen plis asid pase nòmal, ki se rezulta dechaj molekil dyoksid souf ak oksid azòt nan lè a.

**activation energy | enèji daktivasyon** Kantite enèji minimòm ki nesesè pou pwodui yon reyakson chimik.

**active immunity | iminite aktif** Iminite ki devlope lè pwòp sistèm iminitè yon moun pwodui antikò pou reyaji a prezans yon patojèn.

**active transport | transpò aktif** Mouvman materyèl atravè yon manbràn selilè gras a enèji selilè.

**adaptation | adaptasyon** Yon konpòtman ereditè oswa karakteristik fizik ki ede yon òganis siviv epi repwodui nan anviwònman li.

**aerospace engineering | jeni ayewospasyal** Branch jeni ki genyen ladan l konsepsyon, konstriksyon ak tès avyon ak vesò espasyal.

**air mass | mas lè** Yon gwo mas lè ki gen menm tanperati, imidite ak presyon atmosferik kèlkanswa wotè li ye.

**air pressure | presyon atmosferik** Presyon ki koze pa pwa yon kolòn lè k ap pouse desann sou yon zòn.

**allele | alèl** Yon diferan fòm yon jèn.

**alloy | alyaj** Yon melanj de eleman oswa plis, kote omwen youn ladan yo se yon metal.

**alluvial fan | kòn alivyal** Yon depo sediman ki laj, a pant ki fòme kote yon wiso kite yon chèn montay.

**alpha particle | patikil alfa** Yon patikil ki degaje pandan dezintegrasyon radyoaktif ki genyen de pwoton ak de netwon.

**alternating current | kouran altènatif** Kouran kote sikilasyon an ale nan sans envès detanzantan nan yon sikui.

**alveoli | alveyòl** Ti sak tisi pilmonè ki espesyalize pou fè mouvman gaz ant lè ak san.

**amniotic egg | ze amniyotik** Yon ze ki gen yon kokiyoj ak manbràn entèn ki kenbe anbriyon an imid; yon gwo adaptasyon a lavi sou tè ki se karakteristik reptil, zwazo ak mamifè ki ponn ze.

**amniotic sac | sak amniyotik** Yon sak ki plen likid ki amòti epi pwoteje yon anbriyon kap devlope oswa yon fetis nan matris la.

**amorphous solid | solid amòf** Yon solid ki konpoze avèk patikil ki pa aranje nan yon modèl regilye.

- amphibian | anfibyen** Yon vètèbre kote se tanperati anviwònman li ki detèmine tanperati kò li, epi ki viv lavi anfans li nan dlo epi lavi adilt li sou tè.
- amplitude | anplitid** 1. Wotè yon onn transvèsal apati sant lan pou rive nan yon krèt oswa kre. 2. Distans maksimòm patikil yon milye deplase de pozisyon repo yo pandan yon onn lonjitudinal ap pase atravè milye a.
- amplitude modulation | modilasyon danplitid** Yon metòd pou transmèt siyal lè w chanje anplitid yon onn radyoelektrik.
- angiosperm | anjyospèm** Yon plant a flè ki pwodui gress ki anvelope nan yon fwi.
- anomalous data | done anòmal** Done ki pa adapte avèk rès yon ansanb done.
- antibiotic resistance | rezistans a antibiyotik** Kapasite bakteri genyen pou l reziste a efè yon antibiyotik.
- antibody | antikò** Yon pwoteyin yon lenfosit B nan sistèm iminitè a pwodui ki detwi patojèn.
- anticyclone | antisiklòn** Yon sant lè sèk ki gen anpil presyon.
- antigen | antijèn** Yon molekil sistèm iminitè a rekonèt swa kòm yon pati nan kò a swa yon molekil ki sòti andeyò kò a.
- anus | anis** Ouvèti ki nan fen sistèm dijestif yon òganis (nan moun, rektòm lan) kote dechè yo elimine sot nan kò a.
- aorta | awòt** Pi gwo atè nan kò a; li resevwa san ki sot nan vantrikil goch la.
- apparent brightness | liminozite aparan** Klète yon etwal lè w ap obsève l sou latè.
- aquifer | akifè** Yon kouch wòch oswa sediman anba tè ki kenbe dlo.
- artery | atè** Yon vesò sangen ki transpòte san sot nan kè a.
- artesian well | pwi atezyen** Yon pwi kote dlo monte akoz presyon andedan akifè a.
- arthropod | atwopòd** Yon envètèbre ki genyen yon eskelèt ekstèn, yon kò segmante, manm atikile.
- artificial selection | seleksyon atifisyèl** Pwosesis kote moun yo chwazi òganis ki gen trè yo vle yo pou repwodui yo e pou bay pwochen jenerasyon an; elvaj selektif.
- asexual reproduction | repwodiksyon aseksyèl** Yon pwosesis repwodiksyon kote se yon sèl paran ki pwodui yon desandan ki jenétikman idantik a paran an.
- asteroid | astewoyid** Youn nan objè woche kap fè wotasyon otou solèy la ki twò piti epi ki an two gran kantite pou ta konsidere yo kòm planèt.
- asthenosphere | astenosfè** Kouch manto a ki pa rijid ki pèmèt litosfè a flote sou li.
- astronomical unit | inite astwonomik** Yon inite distans ki egal a distans mwayèn ant latè a solèy la, apeprè 150 milyon kilomèt.
- atherosclerosis | atewosklewoz** Yon kondisyon kote yon pawa ateryèl vin epesi akoz akimilasyon matyè gra.
- atmosphere | atmosfè** Kouch gaz ki relativman fen ki fòme kouch eksteryè latè.
- atom | atòm** Patikil de baz ki fòme tout eleman yo; patikil ki pi piti yon eleman ki gen pwopriete eleman sa a.
- atomic mass | mas atomik** Mas mwayèn tout izotòp yon eleman.
- atomic number | nonb atomik** Nonb pwoton ki nan nwayo yon atòm.
- atrium | atriyòm** Yon kavite siperyè kè a ki resevwa san.
- autonomic nervous system | sistèm nève otonòm** Gwooup nè nan sistèm nève periferik la ki kontwole aksyon envelopontè.
- autotroph | ototwòf** Yon òganis ki kapab kaptire enèji ki sot nan limyè solèy la oswa pwodui chimik epi itilize l pou pwodui pwòp manje li.
- auxin | oksin** Yon òmòn vejetal ki akselere to kwasans selil yon plant epi ki kontwole reyakson yon plant a limyè.
- axis | aks** Yon liy imajinè ki pase atravè sant yon planèt ansanm ak pòl nò ak sid li, kote planèt la fè wotasyon.
- axon | aksòn** Yon fib long yon newon ki kondui enpilsyon nève nan direksyon opoze kò selilè a.

## B

- B cell | lenfosit B** Yon lenfosit ki pwodui pwoteyin ki ede detwi patojèn.
- bacteria | bakteri** Òganis iniselilè ki pa gen yon nwayo; pwokaryòt.
- basalt | bazalt** Yon wòch nwa, dans, igne, ki gen yon teksti fen, ou jwenn nan kwout oseyanik lan.
- base | baz** Yon sibstans ki gen gou anmè, ki glisan, epi ki fè papye reyaktif wouj tounen ble.

- batholith | batolit** Yon mas wòch ki fòme lè yon gwo mas magmatik refwadi andedan kwout la.
- bedrock | soubasman woche** Wòch ki fòme kwout latè; epi kouch wòch solid ki anba tè a.
- benthos | benntos** Òganis ki viv nan fon lanmè oswa yon lòt mas dlo.
- beta particle | patikil beta** Yon elektwon a grann vitès radyasyon nikleyè degaje.
- big bang | gran boum (big bang)** Eksplozyon inisyal ki te lakoz fòmasyon ak ekspansyon linivè.
- bilateral symmetry | simetri bilateral** Plan yon òganis kote yon sèl liy imajinè divize kò a an bò goch ak bò dwat epi de mwatye yo idantik.
- bile | bil** Yon sibstans fwa a pwodui ki dekonpoze patikil grès.
- binary fission | fisyon binè** Yon fòm repwodiksyon aseksyé kote yon selil divize, epi li fòme de selil idantik.
- binary star | etwal binè** Yon sistèm ki gen de etwal.
- binomial nomenclature | nomanklati**
- binomial** Sistèm klasifikasyon kote yo asiyen chak òganis yon non syantifik inik, an de pati ki endike jan li ak espès li.
- biodiversity | byodivèsite** Kantite total diferan espès sou latè, ikonpri sa yo ki sou tè, nan dlo, ak nan lè a.
- bioengineering | jeni byolojik** Branch jeni kote yo aplike prensip jeni nan byoloji ak medsin.
- biogeography | byojeyografi** Etid sou kote òganis yo viv epi ki jan yo fè rive kote yo ye a.
- biomass fuel | enèji byomas** Enèji èt vivan pwodui.
- biome | byòm** Yon gwoup sistèm ekolojik ki gen menm klima ak menm òganis.
- biosphere | byosfè** Pati latè ki genyen òganis vivan yo.
- biotic factor | faktè byotik** Pati yon abita yon òganis ki vivan oswa ti te konn vivan yon lè.
- birth rate | to natalite** Kantite nesans pou chak 1,000 moun pandan yon sèten epòk.
- black hole | twou nwa** Yon objè kote chan gravitasyon an sitèlman entans, anyen, pa menm limyè, paka chape.
- boiling point | pwen ebilisyon** Tanperati kote yon sibstans chanje de yon likid pou l tounen yon gaz; se menm ak pwen kondansasyon, oswa tanperati kote yon gaz chanje de yon gaz pou l tounen yon likid.
- boreal forest | forè boreyal** Forè dans feyaj ki toujou vèt ki nan zòn tanpere nan Emisfè Nò a.
- Boyle's law | Iwa Boyle** Yon prensip ki dekri relasyon ki egziste ant presyon ak volim yon gaz nan tanperati konstan.
- brain | sèvo** 1. Yon gwoupaj òganize newon nan tèt yon animal avèk simetri bilateral. 2. Pati sistèm nève santral la ki nan kràn nan epi ki kontwole pifò fonskyon kò a.
- brain stem | twon serebral** Pati sèvo a ki chita ant sèvelè a ak mwèl epinyè a epi ki kontwole aksyon envelopontè kò a.
- bronchi | bronch** Pasaj ki kondui lè nan poumon yo.
- bronchitis | bronchit** Yon iritasyon nan bwonch yo kote ti pasaj yo vin pi eta pase nòmal epi yo ka bouche avèk mikis.
- budding | boujònman** Yon fòm repwodiksyon aseksyèl kote yon nouvo òganis grandi andeyò kò yon paran.

## C

- caldera | kaldera** Gran kratè nan tèt yon vòlkan ki fòme lè twati chanm magmatik yon vòlkan efondre.
- cambium | kanbyòm** Yon kouch selil nan yon plant ki pwodui nouvo libè ak selil zilèm yo.
- canopy | kouvè forestye** Yon kouvèti ki fòme avèk fèy gwo pyebwa nan yon forè twopikal.
- capillary | kapilè** You ti vesò sangen kote echanj sibstans yo fèt ant san ak selil ki nan kò yo.
- captive breeding | elvaj an kaptivite** Lè yo fè akoupleman bêt yo nan zou ak nan rezèv ekolojik.
- carbohydrate | idrat kabòn** Yon konpoze òganik ki rich an enèji, tankou yon sik oswa yon anmidon, ki konpoze avèk eleman kabòn, idwojèn ak oksijèn.
- carbon film | film kabòn** Yon tip fosil ki se yon kouch kabòn ki ekstrèmman mens sou wòch.
- carbon monoxide | monoksid kabòn** Yon gaz san koulè, san odè ki pwodui lè y ap boule kèk sibstans—ikonpri tabak.

- carcinogen | kasinojèn** Yon sibstans oswa yon faktè nan anviwonnanman an ki ka koze kansè.
- cardiac muscle | misk kadyak** Tisi miskilè envelopontè ou jwenn sèlman nan kè a.
- cardiovascular system | aparèy kadyovaskilè** Sistèm nan kò a ki genyen kè a, vesò sangen yo, ak san; yo rele l tou aparèy sikilatwa.
- carrier | kondiktè** Yon moun ki genyen yon jèn resesif ak yon jèn dominan pou yon trè.
- carrying capacity | kapasite sipò** Popilasyon maksimòm yon anviwonnanman patikilye kapab sipòte.
- cartilage | katilaj** Yon tisi konjonktif ki pi fleksib pase zo epi ki pwoteje pwent zo yo epi li anpeche yo fwote ansanm.
- cast | moulaj** Yon fosil ki se yon kopi solid fòm yon òganis, ki fòme lè mineral koule nan yon moul.
- catalyst | katalizè** Yon materyèl ki ogmante to yon reyakson lè li bese enèji daktivasyon an.
- cell | selil** Inite debaz pou estrikti ak fonksyonnan sa ki vivan yo.
- cell cycle | sik selilè** Seri evènman kote yon selil grandi, li prepare l divize, epi li divize pou l fòme de selil fi.
- cell membrane | manbràn selilè** Yon baryè fen, fleksib ki antoure yon selil epi ki kontwole ki sibstans ki rantre epi ki sibstans ki soti nan selil la.
- cell theory | teyori selilè** Yon ekplikasyon ki lajman aksepte sou relasyon ant selil yo ak èt vivan yo.
- cell wall | pawa selilè** Yon kouch sipò rezistan ki antoure selil plant yo ak kèk lòt òganis.
- cellular respiration | respirasyon selilè** Pwosesis kote oksijèn ak glikoz libere ejèni aprè yon seri reyakson chimik konplèks ki fèt andedan selil yo.
- Celsius scale | echèl Celsius** Echèl tanperati kote dlo konjele a  $0^{\circ}\text{C}$  epi li bouyi a  $100^{\circ}\text{C}$ .
- cementation | simantasyon** Pwosesis kote mineral ki fonn kristalize epi kole patikil sediman ansanm pou fòme yon mas.
- central nervous system | sistèm nève santral** Divizon sistèm nève ki genyen sèvo a ak mwèl epinyè a.
- centripetal force | fòs santripèt** Yon fòs ki koze yon objè fè mouvman an won.
- cerebellum | sèvelè** Pati nan sèvo a ki koðdone aksyon misk yo epi ki ede mentni ekilib.
- cerebrum | sèvo** Pati nan sèvo a ki entèprete done ki sot nan sans yo, ki kontwole mouvman epi ki akonpli pwosesis mantal konplèks.
- Charles's law | Iwa Charles la** Yon prensip ki dekri relasyon ant tanperati ak volim yon gaz ki sou presyon konstan.
- chemical bond | lyezon chimik** Fòs atraksyon ki kenbe de atòm ansanm.
- chemical change | chanjman chimik** Yon chanjman kote yon sibstans oswa plis melanje oswa dispèse pou fòme nouvo sibstans.
- chemical energy | enèji chimik** Yon fòm enèji potansyèl ki konsève nan lyezon chimik ant atòm yo.
- chemical engineering |jeni chimik** Branch jeni ki gen pou l wè avèk konvèsyon pwodui chimik an pwodui ki itil.
- chemical property | pwopriyete chimik** Yon karakteristik yon sibstans chimik ki dekri kapasite l pou l chanje nan diferan sibstans.
- chemical reaction | reyakson chimik** Yon pwosesis kote sibstans yo chanje an nouvo sibstans avèk pwopriyete diferan.
- chemical rock | sediman chimik** Wòch sedimantè ki fòme lè mineral yo kristalize nan yon solisyon.
- chemical symbol | senbòl chimik** Yon abreviyasyon ki gen youn oswa de lèt pou yon elemen.
- chemical weathering | alterasyon chimik** Pwosesis ki dekonpoze wòch atravè modifikasyon chimik.
- chemistry | chimi** Etid pwopriyete matyè epi fason matyè a chanje.
- chemotherapy | chimyoterapi** Itilizasyon medikaman pou trete kèk maladi tankou kansè.
- chlorofluorocarbons | klowofliyowokabi** Gaz endistriyèl ki genyen klò ak flyò (yo rele l tou CFC) ki se koz prensipal apovrisman ozòn lan.
- chlorophyll | klowofil** Yon pigman fotosentetik vèt ou jwenn nan klowoplas plant yo, alg ak kèk bakteri.
- chloroplast | klowoplast** Yon òganèl nan selil plant yo ak nan kèk lòt òganis ki rale enèji nan limyè solèy la e ki fè l tounen yon fòm enèji selil yo ka itilize pou pwodui manje.
- chordate | kòde** Yon animal ki genyen yon kèd dòsal, yon chèn nève, ak pòch farenjyèn omwen pandan yon etap nan lavi li.

- chromatid | kwomatid** Estrikti ki fòme lè yon kwomozòm ap divize pandan meyòz la.
- chromosome | kwomozòm** Yon estrikti an fòm filaman ki andadan nwayo yon selil ki genyen ADN ki pase de yon jenerasyon a yon lòt.
- chromosphere | kwomosfè** Kouch entèmedyè atmosfè soleÿ la.
- cilia | sil** Pwojeksyon ki piti, ki sanble ak cheve andeyò selil la ki deplase nan yon fòm vag.
- cinder cone | kòn eskori** Yon kolin oswa yon ti mòn ki enkline, an fòm yon kòn ki fêt avèk sann vòlkanik, eskori ak bonm ki anpile ozalantou ouvèti yon vòlkan.
- circadian rhythm | ritm sikadyen** Yon sik konpòtmantal ki rive pandan yon peryòd ki dire aperèr yon jou.
- circulatory system | sistèm sikilatwa** Yon sistèm ògàn ki transpòte materyèl ki nesesè nan selil yo epi li retire dechè yo.
- cirrus | siris** Nyaj fen, ki fêt avèk kristal glas ki fòme nan nivo ki wo yo.
- civil engineering | jeni sivil** Branch jeni ki enkli konsepsyon ak konstriksyon wout, pon ak bilding.
- classification | klasifikasyon** Pwosesis pou gwoupe bagay yo selon yon seri karakteristik yo genyen ki sanble.
- clastic rock | wòch klastik** Wòch sedimentè ki fòme lè fragman wòch yo sere youn kont lòt sou gwo presyon.
- clear-cutting | koup raz** Pwosesis kote yo koupe tout pyebwa yo nan yon sèl zòn yon sèl kou.
- cleavage | klivaj** Aptitud yon mineral genyen pou l fann fasilman sou sifas ki plat.
- climate | klima** Kondisyon ànyèl mwayèn pou tanperati a, presipitasyon yo, van yo ak nyaj yo nan yon zòn.
- clone | klòn** Yon òganis ki jenetikman idantik a òganis ki pwodui l la.
- closed circulatory system | sistèm sikilatwa fèmen** Yon sistèm sikilatwa kote san sikile sèlman ant yon rezo vesò sangen ki konekte ak kè a.
- closed system | sistèm fèmen** Yon sistèm ki pa pèmèt ankenn matyè ni rantre ni sòti.
- cnidarian | nidè** Yon envètrebe ki gen yon simetri radyal ki itilize selil pikant pou kaptire manje epi defann tèt li.
- coastline | arebò lanmè** Yon liy ki fòme fwontyè ant tè a ak oseyan an oswa ak yon lak.
- cochlea | kokle** Pati entèn zòrèy la ki plen ak likid ki gen fòm koki yon eskago epi li double avèk selil reseptè ki reyaji a son.
- codominance | kodominans** Yon sitiyasyon kote toulè de alèl yon jèn eksprime de fason egal ego.
- coefficient | koefisyen** Yon chif ki devan yon fòmil chimik nan yon ekwasyon ki endike konbyen molekil oswa atòm nan chak reyaktif ak pwodui ki enplike nan yon reyakson.
- coevolution | ko-evolisyon** Pwosesis kote de espès ap evolye akoz chanjman k ap fêt nan chak ladan yo ofiramezi tan ap pase.
- colloid | koloyid** Yon melanj ki genyen patikil piti, ki pa fonn ki dispèse.
- coma | cheveli** Kouch ekstèryè flou yon komèt.
- comet | komèt** Yon koleksyon glas ak pousyè ki lib ki fè wotasyon soleÿ la, tipikman nan yon trajektwa ki long, eta.
- commensalism | kòmansalis** Yon relasyon senbyotik ant de espès kote yon espès benefisyè epi lòt espès la pa gen ni èd ni domaj.
- community | kominote** Tout diferan popilasyon ki abite ansanm nan yon zòn.
- compact bone | zo konpak** Tisi ose ki di epi dans, men ki pa solid ki anba manbràn ekstèryè yon zo.
- compaction | konpaksyon** Pwosesis kote sediman yo sere youn kont lòt sou pwòp pwa yo.
- compass | konpa** Yon aparèy ki gen yon zegwi alimante ki ka tounen libreman; zegwi yon konpa toujou pwente nan direksyon nò.
- competition | konpetisyon** Lit ant òganis yo pou yo siviv pandan y ap eseye itilize menm resous limite nan menm kote nan menm lè.
- complementary colors | koulè konplemantè** Nenpòt de koulè ki konbine pou fòme limyè blan.
- complete metamorphosis | metamòfoz**
- konplè** Yon tip metamòfoz ki gen kat etap disten: ze, lav, nenf ak adilt.
- composite volcano | vòlkan konpozit** Yon mòn ki wo, an fòm kòn kote kouch lav yo altène avèk kouch sann yo ak lòt materyèl vòlkanik yo.
- compound | konpoze** Yon sibstans ki fêt avèk de eleman oswa plis ki melanje chimikman nan yon rapò oswa pwopòsyon presi.

- compression | konpresyon** Presyon k ap peze sou yon wòch jiskaske l pliye oswa jiskaske l kase.
- concave lens | lantiy konkav** Yon lantiy ki pi mens nan mitan pase nan pwent yo.
- concave mirror | miwa konkav** Yon miwa kote sifas li koube pa anndan.
- concentration | konsantrasyon** Kantite yon materyèl nan yon sèten volim yon lòt materyèl.
- concussion | komosyon** Yon blesi tankou yon mètrisi nan sèvo a ki rive lè pati mòl sèvo a fè kolizyon avèk kràn nan.
- condensation | kondansasyon** Chanjman nan eta pou sot nan yon gaz pou ale nan yon likid.
- conditioning | kondisyonnanman** Pwosesis kote w aprann konekte yon estimilis oswa yon reyakson a yon rezulta ki bon oswa pa bon.
- conduction | kondiksyon** Transfè enèji soti nan yon patikil matyè rive nan yon lòt anndan yon sèl objè oswa ant de objè ki gen yon kontak dirèk youn ak lòt.
- conductor | kondiktè** 1. Yon materyo ki kondui chalè byen. 2. Yon materyo ki pèmèt chaj elektrik sikile.
- cone | kòn** Estrikti repwodiksyon yon jimnospèm.
- cones | kòn yo** Selil nan retin nan ki reyaji a koulè epi ki detekte koulè.
- coniferous tree | konifè** Yon pyebwa ki pwodui gress li yo nan kòn epi ki gen fèy ki gen fòm zegwi ki kouvri avèk yon sibstans sire pou redui pèt dlo.
- conjugation | konjigezon** Yon fòm repwodiksyon seksyèl kote yon òganis iniselilè transfere kèk nan materyèl jenetik li bay yon lòt òganis iniselilè.
- connective tissue | tisi konjonktif** Yon tisi selilè ki bay kò a sipò epi ki konekte tout pati li yo.
- conservation of charge | konsèvasyon chaj** Lwa ki deklare chaj yo pa ni kreye ni detwi.
- conservation plowing | konsèvasyon labouraj** Metòd konsèvasyon sòl la kote yo laboure nan tè a raje ak tij ki mouri nan rekòt ane ki sot pase a.
- constellation | konstelasyon** Yon seri oswa yon gwoup zetwal ki sanble ak fòm yon figi oswa yon objè.
- constraint | kontrent** Tout faktè ki limite yon plan.
- constructive force | fòs konstriktif** Tout pwosesis natirèl ki konstwi sifas latè.
- constructive interference | entèferans konstriktif** Entèferans ki rive lè de onn sipèpoze pou fè yon onn avèk yon amplitud ki pi laj pase amplitud chak onn yo endividylèlman.
- consumer | konsomatè** Yon òganis ki depann de lòt òganis pou l jwenn enèji.
- continental (air mass) | kontinantal (mas lè)** Yon mas lè sèk ki fòme sou tè.
- continental climate | klima kontinantal** Klima sant kontinan yo, kote ivè yo frèt epi ete yo tyèd oswa cho.
- continental drift | deriv kontinantal** Ipotèz ki fè konnen kontinan yo deplase lantman atravè sifas latè.
- continental glacier | glasye kontinantal** Yon glasye ki kouvari pifò yon kontinan oswa yon gwo zile.
- continental shelf | platfòm kontinantal** Yon pati anba lanmè a ki pa fon, ki lejèman enklivé ki pwolonje pa deyò sot nan maj yon kontinan.
- continental slope | pant kontinantal** Yon pant eskape nan fon lanmè a ki desann apati maj platfòm kontinantal la.
- contour interval | ekidistans koub nivo** Diferans nan altitud de yon koub a yon lòt.
- contour line | koub nivo** Yon liy sou yon kat jeyografik ki konekte pwen ki gen menm altitud.
- contour plowing | labouraj nivo** Chan labouraj bò koub yon pant pou anpeche pèt sòl la.
- contractile vacuole | vakyòl kontraktil** Estrikti selilè ki kolekte ekstra dlo nan sitoplas la epi li ekspilse l sot nan selil la.
- control rod | ba kòmand** Yon ba kadmyòm yo itilize nan reyaktè nikleyè pou absòbe netwon yo de reyakson fisyon.
- controlled experiment | eksperyans kontrole** Yon eksperyans kote yo manipile sèlman yon faktè alafwa.
- convection | konveksyon** Transfè enèji tèmik akoz mouvman yon flyid.
- convection current | kouran konveksyon** Mouvman yon likid, ki fèt akoz diferans nan tanperati a, ki transfere chalè sot nan yon pati likid la nan yon lòt pati.
- convection zone | zòn konvektiv** Kouch ki pi aleksterryè enteryè solèy la.

- convergent boundary | Fontyè konvèjant** Yon limit plak litosferik kote de plak deplase nan direksyon pou yo rankontre.
- convergent evolution | evolisyon konvèjant** Pwosesis kote òganis ki pa aparante devlope menm karakteristik.
- convex lens | lantiy konvèks** Yon lantiy ki pi epè nan mitan pase nan pwent yo.
- convex mirror | miwa konvèks** Yon miwa kote sifas li koube pa deyò.
- core | nwayo** Rejyon santral solèy la, kote fizyon nikleyè fèt.
- Coriolis effect | efè Koryolis** Efè wotasyon latè genyen sou direksyon van ak kouran yo.
- cornea | kèone** Tisi transparan ki kouvri devan zye a.
- corona | kouwòn** Kouch eksteryè atmosfè solèy la.
- coronary artery | atè kowonè** Yon atè ki pote san nan misk kè a menm.
- corrosive | kowozif** Mo yo itilize pou dekri asid ki reyaji ak kèk kalite metal e ki fè metal sa yo depafini ti kras pa ti kras.
- cosmic background radiation | reyonnanman kosmolojik** Reyonnman elektwomayetik ki te rete aprè gran boum lan.
- cotyledon | kotiledon** Yon fèy anbriyon yon plant ki pote gress pwodui; pafwa li estoke manje.
- covalent bond | lyezon kovalant** Yon lyezon chimik ki fòme lè de atòm pataje elektwon.
- crater | kratè** 1. Yon gwo twou won ki fèt akoz enpak yon meteyorit. 2. Yon pati ki an fòm yon bòl ki fòme ozalantou ouvèti santral yon vòlkan.
- critical night length | longè kritik nwit** Kantite èdtan obskirite ki detèmine si wi ou non yon plant pral fè flè.
- crop rotation | wotasyon kilti** Lè yo plante differan kilti nan yon chan chak ane pou mentni fètilite tè a.
- crust | kwout** Kouch wòch ki fòme sifas eksteryè latè.
- cryosphere | kriyosfè** Pati idwosfè a ki jele, tankou glas ak nèj ki sou tè a, ansanm ak glas ki nan lanmè a ak nan lak yo.
- crystal | kristal** Yon solid kote atòm yo aranje nan yon modèl ki repeate ankò e ankò.
- crystalline solid | solid kristalen** Yon solid ki konpoze avèk kristal kote patikil yo aranje nan yon modèl regilye, repetitif.

- crystallization | kristalizasyon** Pwosesis kote atòm yo aranje pou fòme yon materyo avèk yon estrikti kristal.
- cumulus | kimilis** Nyaj kotone, blan, kote abityèlman anba li plat, epi li samble ak yon pil koton awondi.
- current | kouran** Yon gwo wiso dlo k ap koule nan oseyan yo.
- cuticle | kitikil** Kouch sire, enpèmeyab ki kouvri fèy ak tij pifò plant yo.
- cyclone | siklòn** Sant yon presyon atmosferik ba k ap toubiyonnen.
- cytokinesis | sitosinèz** Etap final sik selilè a, kote sitoplas selil la divize, li distribye òganit yo nan chak nan de novo selil fi yo.
- cytoplasm | sitoplas** Pati likid epè yon selil ki andedan manbràn selilè a (nan pwokaryòt yo) oswa ant manbràn selilè a ak nwayo a (nan ekaryòt yo).

## D

- dark energy | enèji sonb** Yon fòs misterye ki sanble k ap koze akselerasyon ekspansyon linivè.
- dark matter | matyè nwa** Matyè ki pa degaje radyasyon elektwomayetik men ki abondan nan linivè.
- day-neutral plant | plant net pa rapò ak lajounen** Yon plant kote sik boujonnman li pa sansib a peryòd limyè ak peryòd obskirite.
- death rate | to mòtalite** Kantite lanmò pou chak 1,000 moun pandan yon sèten epòk.
- decibel (dB) | desibèl (dB)** Yon inite yo itilize pou konpare bwi diferan son.
- deciduous tree | pyebwa ki gen fèy kadik** Yon pyebwa ki jete fèy li yo pandan yon sezón patikilye epi li pouse novo fèy chak ane.
- decomposer | dekonpozè** Yon òganis ki jwenn enèji lè l dekonpoze dechè byotik epi òganis ki mouri, epi li retounen matyè premyè yo nan tè a ak nan dlo a.
- decomposition | dekonpozisyon** Yon reyakson chimik ki dekonpoze konpoze yo an pwodui ki pi senp.
- deductive reasoning | rezonnman dediktif** Yon fason pou eksplike kèk bagay avèk yon ide jeneral kòm pwen depa epi aprè sa ou aplike ide a a yon obsèvasyon presi.

**deep-ocean trench | fòs oseyanik pwofon** Yon vale pwofon nan fon lanmè a kote se anba l kwout oseyanik la koule nan direksyon manto a.

**deflation | deflasyon** Pwosesis kote van an baleye debri ki sou sifas sòl la.

**degree | degré** Yon inite yo itilize pou mezire distans ozanviwon yon sèk. Yon degré egal  $1/360$  yon sèk konplè.

**delta | delta** Yon fòm teren ki fèt avèk sediman ki depoze kote yon rivyè koule nan yon oseyan oswa yon lak.

**dendrite | dandrit** Ekstansyon yon newon an fòm filaman ki transpòte empilsyon nèvè nan kò selilè a.

**density | dansite** Mezi ki montre ki kantite mas yon sibstans genyen anndan yon volim.

**deposition | depo** Pwosesis kote sediman al poze nan kèk nouvo kote.

**depressant | depresè** Yon medikaman ki ralanti aktivite sistèm nèvè santral la.

**dermis | dérm** Kouch enteryè po a.

**desertification | dezètifikasyon** Pwogresyon kondisyon sechrès nan zòn ki te otrefwa fètil; ki se rezulta twòp kiltivasyon, twòp patiraj, sechrès ak chanjman nan klima a.

**destructive force | fòs destrikè** Tout pwosesis natirèl ki detwi oswa izé sifas latè.

**destructive interference | entèferans**

**destrikètè** Entèferans ki rive lè de onn konbine pou fè yon onn ki gen yon anplitid ki pi piti pase anplitid chak onn endividyleman.

**development | devlopman** Pwosesis chanjman ki fèt pandan lavi yon òganis pou l pwodui yon òganis ki pi konplèks.

**dew point | pwen lawouze** Tanperati ki rive nan yon pwen kote kondansasyon kòmanse.

**diaphragm | dyaphragm** Yon gwo misk, an fòm vout ki chita anba poumon yo ki ede avèk respirasyon.

**diatomic molecule | molekil dyatomik** Yon molekil ki gen de atòm.

**dicot | dikotiledòn** Yon anjyospèm ki gen de fèy ki pote gress.

**Dietary Reference Intakes (DRIs) | Apò Nitrisyonèl Referans (ANREF)** Direktiv ki montre kantite nitriyan moun bezwen chak jou.

**diffraction | difraksiyon** Koubi oswa ekspansyon onn yo lè y ap deplase ozanviwon yon baryè oswa pase atravè yon ouvèti.

**diffuse reflection | refleksyon difiz** Refleksyon ki rive lè reyon limyè paralè frape yon sifas ki miwo miba epi tout reyon yo reflete nan diferan ang.

**diffusion | difizyon** Pwosesis kote molekil yo deplase sot nan yon zòn konsantrasyon ki pi wo pou ale nan yon zòn konsantrasyon ki pi ba.

**digestion | dijesyon** Pwosesis ki dekonpoze molekil manje ki konplèks an molekil nitriyan ki pi piti.

**digestive system | aparèy dijestif** Yon sistèm ògàn ki genyen estrikti espesyalize pou jwenn epi dijere manje.

**digitizing | nimerizasyon** Konvèsyon enfòmasyon an valè nimerik yon òdinatè ka itilize.

**dike | dik** Yon blòk wòch vòlkanik ki fòme lè magma fòse tèt li rantre nan kouch wòch yo.

**dilute solution | solisyon dilye** Yon melanj ki genyen sèlman yon ti solisyon ki fonn nan li.

**direct current | kouran kontini** Kouran kote chaj yo sikile sèlman nan yon sèl direksyon nan yon sikui.

**directly proportional | dirèkteman**

**pwopòsyonèl** Yon ekspresyon yo itilize pou dekri relasyon ant de varyab kote graf li se yon liy dwa ki pase atravè pwen an  $(0, 0)$ .

**dispersal | dispèsyon** Mouvman òganis de yon kote a yon lòt.

**divergent boundary | fontyè divèjant** Yon limit plak litosferik kote de plak yo deplase nan direksyon ki elwaye youn de lòt.

**divide | liy pataj dlo** Yon pati tè ki separe yon mas dlo de yon lòt.

**DNA | ADN** Asid dezoksiribonikleyik; materyèl genetik ki genyen enfòmasyon sou yon òganis epi li pase enfòmasyon sa a de paran a desandan.

**DNA replication | replikasyon ADN** Anvan yon selil divize, se pwosesis kote ADN kopye tèt li.

**domain | domèn** Nivo òganizasyon debaz nan klasifikasiyon òganis yo.

**dominant allele | alèl dominan** Yon alèl ki gen trè li ki toujou parèt nan òganis lan lè alèl la prezan.

**Doppler effect | efè Dopplè** Chanjman nan frekans yon onn pandan sous li ap deplase an relasyon avèk yon obsèvatè.

**dormancy | dòmans** Yon peryòd tan lè kwasans oswa aktivite yon òganis sispann.

**dormant | dòman** Pou lemoman inaktif men ki kapab vin aktif alavni (tankou yon vòlkan).

**double bond | doub lyezon** Yon lyezon chimik ki fòme lè atòm yo pataje de pè elektwon.

**double helix | doub elis** Fòm molekil yon ADN.

**drought | sechrès** Yon peryòd ki dire anpil tan kote prèske pa gen presipitasyon.

**duct | kondui** Yon ti kanal kote yon glann degaje pwodui chimik.

**ductile | fleksib** Yon mo yo itilize pou dekri yon materyo yo ka rale andedan nan yon fil long.

**dune | din** Yon pil sab van an te pouse jiskaske l fòme yon ti mòn.

**dwarf planet | planèt nen** Yon objè ki kontoune solèy la epi li an fòm yon esfè, men li pa kite zòn òbit l ap kontoune a.

## E

**ear canal | kanal zòrèy** Yon pati etwat ki soti padeyò zòrèy la pou ale nan tenpan an.

**eardrum | tenpan** Manbràn ki piti, ki detire byen fèm ki separe kondui oditif ekstèn lan de zòrèy mwayèn nan, epi li vibre lè onn akoustik frape l.

**echinoderm | echinodèm** Yon envètebre maren radyalman simetrik ki genyen yon eskelèt entèn ak yon sistèm tib ki plen ak likid.

**echolocation | ekolokalizasyon** Itilizasyon refleksyon onn akoustik pou detèmine distans oswa pou lokalize kèk objè.

**eclipse | ekrips** Blokaj pasyèl oswa total yon objè nan lespas pa yon lòt objè.

**eclipsing binary | etwal doub a ekrips** Yon sistèm etwal doub kote yon etwal peryodikman bloke limyè sou lòt etwal la.

**ecological footprint | anprent anviwonmantal** Kantite tè ak dlo moun itilize pou satisfè bezwen yo an resous epi pou absòbe dechè yo pwodui.

**ecology | ekoloji** Etid sou fason òganis yo aji youn ak lòt ansanm ak anviwonnan yo.

**ecosystem | ekosistèm** Kominote òganis ki viv nan yon zòn patikilye, ansanm avèk anviwonnan inanime yo.

**ectotherm | ektotèm** Yon animal kote se tanperati anviwonnan li ki detèmine tanperati kò li.

**efficiency | rannman** Pousantaj travay founi ki konvèti an travay pwodui.

**El Niño | El Niño** Yon fenomèn klimatik anòmal ki rive chak de a sèt an nan Oseyan Pasifik la, ki koze chanjman nan kondisyon van, kouran ak tanperati a pandan en a de zan.

**elastic potential energy | enèji potansyèl elastik** Enèji objè ki detire oswa konprese.

**electric circuit | sikui elektrik** Yon sikui konplè, ki pa kase kote chaj elektrik ka sikile.

**electric current | kouran elektrik** Sikilasyon kontinyèl chaj elektrik atravè yon materyèl.

**electric field | chan elektrik** Zòn ki ozalantou yon objè ki chaje kote fòs elektrik objè a aplike sou lòt objè ki chaje yo.

**electric force | fòs elektrik** Fòs ki egziste ant objè ki chaje yo.

**electric motor | motè elektrik** Yon aparèy ki transfòme enèji elektrik an enèji mekanik.

**electrical conductivity | kondiktivite elektrik** Kapasite yon objè pou l pote kouran elektrik.

**electrical energy | enèji elektrik** Enèji chaj elektrik.

**electrical engineering | jeni elektrik** Branch jeni ki enplike konsepsyon sistèm elektrik, ikonpri enèji, sistèm kontwòl ak telekomunikasyon.

**electromagnet | elektwo-eman** Yon eman ki kreye lè w vlope yon bobin fil ki gen kouran sou yon nwayo fewomayetik.

**electromagnetic energy | enèji elektwomayetik** Enèji limyè ak lòt fòm radyasyon, ki vwayaje atravè lespas kòm onn.

**electromagnetic induction | endiksyon elektwomayetik** Pwosesis ki pwodui yon kouran elektrik apati mouvman yon kondiktè atravè yon chan mayetik.

**electromagnetic radiation | reyonnan elektrik** Enèji ki transpòte nan lespas pa onn elektwomayetik.

**electromagnetic spectrum | espèk elektwomayetik** Ansamn onn elektwomayetik ki klase nan lòd frekans kwasan.

**electromagnetic wave | onn elektwomayetik**

1. Yon onn ki konpoze avèk yon kombinezon yon chan elektrik ki varye ak yon chan mayetik ki varye.
2. Yon onn ki ka transfere enèji elektrik ak enèji mayetik atravè lespas vid.

<b>electromagnetism   elektwomayetis</b>	Yon chanjman ki absòbe enèji.
Relasyon ant elektrisite ak mayetis.	
<b>electron   elektwon</b> Yon ti patikil ki gen yon chaj negatif ki fè mouvman andeyò nwayo yon atòm.	<b>endothermic reaction   reyakson andotèmik</b> Yon reyakson ki absòbe enèji.
<b>electron dot diagram   fòmil Lewis</b> Yon reprezentasyon kouch valans elektwon yo nan yon atòm ki reprezante avèk pwen.	<b>energy   enèji</b> Kapasite pou fè travay oswa fè chanjman.
<b>element   eleman</b> Yon sibstans ki pi ki paka dekonponze nan lòt sibstans ni pa pwosede chimik ni pa pwosede fizik.	<b>energy conservation   konsèvasyon enèji</b> Pratik pou redui itilizasyon enèji.
<b>elevation   elevasyon</b> Wotè ki anwo nivo lanmè a.	<b>energy level   nivo enèjetik</b> Pati nan yon atòm kote ou gen chans pou jwenn elektwon ki gen menm enèji.
<b>ellipse   elips</b> Yon fòm oval, ki ka alonje oswa prèske awondi; fòm òbit planèt yo.	<b>energy pyramid   piramid enèji</b> Yon dyagram ki montre kantite enèji ki deplase de yon nivo a yon lòt nan yon rezò twofik.
<b>elliptical galaxy   galaksi eliptik</b> Yon galaksi ki sanble ak yon boul won oswa yon boul ki plati, jeneralman li genyen ansyen etwal yo sèlman.	<b>energy transformation   transfòmasyon enèji</b> Yon chanjman de yon fòm enèji a yon lòt; yo rele l tou yon konvèsyon enèji.
<b>embryo   anbriyon</b> Jèn òganis k ap devlope apati yon zigòt.	<b>engineer   enjenyè</b> Yon moun ki itilize ni konesans teknologik ni konesans syantifik pou rezoud pwoblèm pratik.
<b>emergent layer   kouch emèjant</b> Kouch ki pi wo forè twopikal la ki resevwa plis limyè solèy la.	<b>engineering   jeni</b> Aplikasyon lasyans pou satisfè kèk bezwen oswa pou rezoud kèk pwoblèm.
<b>emigration   emigrasyon</b> Mouvman kote kèk endividé ap kite yon zòn.	<b>enzyme   anzim</b> 1. Yon tip pwoteyin ki akselere yon reyakson chimik nan yon èt vivan. 2. Yon katalizè byolojik ki redui enèji daktivasyon reyakson yo nan selil yo.
<b>emissions   emisyon</b> Polyan ki relache nan lè a.	<b>epicenter   episant</b> Pwen sou sifas latè ki dirèkteman sou sant yon tranblemanntè.
<b>endangered species   espès menase</b> Yon espès ki menase pou l disparèt nan lavni pwòch.	<b>epidermis   epidèm</b> Kouch ekstèryè po a.
<b>endocytosis   andositoz</b> Pwosesis kote manbràn selilè a pote patikil nan selil la lè l chanje fòm epi li anglouti patikil yo.	<b>epiglottis   epiglòt</b> Yon lanbo tisi ki kachte trache-atè a pou anpeche manje rantre nan poumon yo.
<b>endoplasmic reticulum   retikilòm andoplasmik</b> Yon òganit ki fòme yon seri koridò konplèks pou transpòte pwoteyin ak lòt materyèl sot nan yon pati selil la pou ale nan yon lòt.	<b>epithelial tissue   tisi epitelyal</b> Yon tisi ki kouvari sifas enteryè ak sifas ekstèryè kò a.
<b>endoskeleton   andoeskelèt</b> Yon eskelèt entèn; sistèm sipò estriktiral andedan kò yon animal.	<b>equinox   ekinòks</b> Nenpòt nan de jou nan ane a kote ni emisfè nò ni emisfè sid la panche nan direksyon solèy la oswa lwen direksyon solèy la.
<b>endospore   andospò</b> Yon estrikti pwokaryòt yo pwodui, tankou bakteri, nan kondisyon ki pa favorab; yon pawa epè ki antoure ADN lan ak yon pòsyon sitoplas la.	<b>era   è jeyolojik</b> Youn nan twa inite premye òd tan jeyolojik la ant epòk Prekanbriyen ak epòk prezan an.
<b>endosymbiosis   andosenbyòz</b> Yon relasyon kote yon òganis ap viv anndan selil yon lòt òganis.	<b>erosion   ewozyon</b> Pwosesis kote dlo, glas, van oswa gravite deplase patikil wòch ak sòl ki ewode.
<b>endotherm   andotèm</b> Yon animal kote se chalè ki soti andedan kò animal ki reglemente tanperati kò li.	<b>esophagus   ezofaj</b> Yon tib miskilè ki konekte bouch la ak vant lan.
	<b>estrogen   estwojèn</b> Yon òmòn ovè yo pwodui ki kontwole devlopman ze ak karakteristik femèl adilt yo.

- estuary | estyè** Yon tip tè imid ki fòme kote dlo dous ki sot nan rivyè yo rankontre avèk dlo sale lanmè a.
- eukaryote | ekaryòt** Yon òganis kote selil yo genyen yon nwayo.
- eutrophication | etwofizasyon** Akimilasyon nitriyan nan lak ak etan dlo dous avèk letan ki vin pèmèt gen yon ogmantasyon nan kwasans alg.
- evacuate | evakye** Deplasman tanporè pou sot nan yon zòn ki pral afekte avèk move tan.
- evaluating | evalye** Konpare obsèvasyon ak done pou rive a yon konklizyon sou yo.
- evaporation | evaporasyon** Pwosesis kote molekil ki sou sifas yon likid absòbe ase enèji pou l tounen yon gaz.
- evolution | evolisyon** Chanjman ki fêt avèk letan; pwosesis kote òganis modèn yo te soti nan òganis ki te la deja yo.
- excretion | eskresyon** Pwosesis ki elimine dechè nan kò a.
- excretory system | sistèm eskretwa** Yon sistèm ògàn ki debarase yon kò de dechè ki genyen nitwojèn ak eksè sèl ak dlo.
- exocytosis | egzositoz** Pwosesis kote vakyòl ki antoure patikil yo fizyone avèk manbràn selilè a, ki fòse kontni yo soti nan selil la.
- exoskeleton | egzoeskélèt** Eskelèt ekstèn; yon kouvèti rezistan, enpèmeyab ki pwoteje, sipòte epi ede anpeche evaporasyon dlo nan kò anpil envètebre.
- exosphere | egzosfè** Kouch siperyè atmosfè a.
- exothermic change | chanjman egzotèmik** Yon chanjman kote enèji relache.
- exothermic reaction | reyakson egzotèmik** Yon reyakson ki relache enèji, souvan sou fòm chalè.
- exotic species | espès egzotik** Espès moun pote nan yon nouvo lokalite.
- experimental bias | byè eksperimental** Yon erè nan konsepsyon yon eksperyans ki rann li pi posib pou yon rezulta patikilye.
- exponential growth | kwasans eksponansyèl** Modèl kwasans kote moun nan yon popilasyon repwodui a yon to ki konstan, konsa plis yon popilasyon vin pi gwo, se pi rapid li grandi.
- external fertilization | fegondasyon ekstèn** Lè ze yo fegonde andeyò kò yon femèl.
- extinct | eten** Mo yo itilize pou yon gwoup òganis ki pwòch e ki vin mouri nèt jiskaske pa gen manm ki vivan ankò nan gwoup sa a.
- extinction | ekstèminasyon** Disparisyon tout manm yon espès sou latè.
- extrusion | ekstrizyon** Yon kouch wòch magmatik ki fòme lè lav koule sou sifas latè epi li vin di.
- extrusive rock | wòch ekstrizif** Wòch magmatik ki fòme apati de lav sou sifas latè.
- eyepiece | okilè** Yon lantiy ki agrandi imaj objektif la fòme.

## F

- Fahrenheit scale | echèl Farenhayt** Echèl tanperati kote dlo a konjele a 32°F epi li bouyi a 212°F.
- Fallopian tube | twonp Falòp** Yon pasaj pou ze yo soti nan yon ovè pou ale nan matris la.
- farsighted | ipèmetwòp** Lè yon moun ka wè objè ki lwen byen klè epi objè ki pi pre yo parèt flou.
- farsightedness | ipèmetwopi** Kondisyon kote yon moun ka wè objè ki lwen byen klè epi objè ki pi pre yo parèt flou.
- fat | grès** Nitriyan ki gen enèji ki konpoze avèk kabòn, oksijèn ak idwojèn.
- fault | fay** Yon ripti nan kwout latè kote wòch yo deplase.
- feedback | retwoaksyon** Enfòmasyon ki chanje yon sistèm oswa ki pèmèt sistèm nan ajiste tèt li.
- fermentation | fèmantasyon** Pwosesis kote selil yo relache enèji lè yo dekonpoze molekil manje san l pa itilize oksijèn.
- fertility | fètilite** Yon mezi ki pèmèt yo detèmine ki jan sòl la sipòte kwasans plant yo.
- fertilization | fegondasyon** Pwosesis nan repwodiksyon seksye kote yon repwodiksyon mal ak femèl rankontre pou fòme yon nouvo selil.
- fertilizer | angrè** Yon sibstans ki founi nitriyan pou ede kilti yo grandi pi byen.
- fetus | fetis** Yon imen k ap devlope apati nevyèm semèn devlopman li jiskaske l fèt.
- field | chan** Nenpòt zòn andeyò laboratwa a.
- filter feeder | filtrè** Yon animal ki filtre manje l nan dlo.
- fishery | sosyete lapèch** Yon zòn ki gen yo gwo popilasyon òganis nan lanmè ki presye.
- fitness | valè adaptatif** Jan yon òganis rive rete an vi ak repwodui nan anviwònman kote l ap viv la.

- flagellum | flajèl** Yon estrikti ki long, ki sanble ak yon fwèt ki ede yon selil deplase.
- flood | inondasyon** Yon evènman kote dlo vin kouvri yon zòn ki te toujou konn sèk.
- flood plain | plèn inondasyon** Zòn tè ki plat, ki laj bò yon rivyè.
- flower | flè** Estrikti repwodiktè yon anjyospèm.
- fluid friction | fwotman entèn** Friksyon ki fèt lè yon objè deplase nan yon likid.
- focal point | fwaye** Pwen kote reyon limyè ki paralèl a aks optik la rankontre, oswa sanble yo rankontre, aprè yon miwa (oswa yon lantiy) reflete l (oswa refrakte l).
- focus | iposant** Pwen anba sifas latè kote wòch premye kase sou estrès epi sa koze yon tranblemanntè.
- foliated | feyte** Mo yo itilize pou dekri wòch metamòfik ki genyen gress ki aranje an kouch paralèl oswa bann.
- follicle | folikil** Estrikti nan dèm po a kote yon branch cheve grandi.
- food chain | chèn alimantè** Yon seri evènman nan yon ekosistèm kote òganis yo transfere enèji lè yo manje epi lè lòt òganis manje yo.
- food web | rezo twofik** Modèl relasyon alimantasyon similtane oswa chèn alimantè pami diferan kalite òganis nan yon ekosistèm.
- force | fòs** Yon pouse oswa rale ki egzèse sou yon objè.
- fossil | fosil** Rès oswa tras yon òganis yo prezève ki te abite nan lepase.
- fossil fuel | konbistib fosil** Chabon, petwòl oswa gaz natirèl ki fòme sou dèmilyon dane apati rès òganis ansyen yo; ki boule pou relache enèji.
- fossil record | achiv fosil** Tout fosil ki dekouvrir yo ak sa syantifik yo oprann grasa yo.
- fracture | frakti** 1. Aparans yon mineral lè li kase nan yon fason ki pa regilye. 2. Lè yon zo kase.
- free fall | desant lib** Mouvman yon objè k ap tonbe lè sèl fòs k ap aji sou li se gravite.
- freezing point | pwen konjelasyon** Tanperati kote yon likid vin jele.
- frequency | frekans** Kantite ond konplè k ap pase nan yon pwen pandan yon kantite tan byen presi.
- frequency modulation | modilasyon frekans** Yon metòd pou transmèt siyal lè w chanje frekans yon onn.
- friction | friksyon** Fòs de sifas egzèse youn sou lòt lè yo fwote youn ak lòt.
- frond | fwond** Fèy yon foujè.
- front | fwon** Fontyè kote mas lè ki nan diferan tanperati rankontre men yo pa melanje.
- frost wedging | kriyoklastis** Pwosesis ki fann wòch lè dlo enfiltre nan fant yo epi li konjele epi elaji.
- fruit | fwi** Ovè ak lòt estrikti ki mi nan yon anjyospèm ki antoure yon gress oswa plis.
- fruiting body | aparèy esporifè** estrikti repwodiktif yon chanpiyon ki genyen anpil ifa epi ki pwodui espò.
- fuel rod | ba konbistib** Yon ba iranyòm ki sibi yon fisyon nan yon reykètè nikleyè.
- fulcrum | pwen dapui** Pwen fiks kote yon levye pivoté.
- fundamental tone | son fondamantal** Frekans natirèl yon objè ki pi ba.
- fungus | chanpiyon** Yon òganis ekaryotik ki genyen pawa selilè, ki itilize espò pou l repwodui, epi ki se yon etewotwòf ki absòbe manje l pou l alimante tèt li.
- fuse | fizib** Yon dispozitif sekirite ki gen yon bann metal fen ki pral fonn si twòp kouran pase nan yon sikui.

## G

- galaxy | galaksi** Yon kokennchenn gwoup etwal, sistèm etwal, ama etwal, pousyè ak gaz ki lye ansanm pa mwayen gravite.
- gallbladder | vezikil bilyè** Ògàn ki estoke bil aprè fwa a fin pwodui li.
- galvanometer | galvanomèt** Yon aparèy ki itilize yon elektwoeman pou detekte ti kantite kouran.
- gametophyte | gametofit** Etap nan sik lavi yon plant kote plant lan pwodui gamèt, oswa selil seksyèl.
- gamma rays | reyon gama** Onn elektromayetik ki gen longè donn ki pi kout epi frekans ki pi wo.
- gas | gaz** Eta yon matyè ki pa gen ankenn fòm oswa volim defini.
- gas giant | jeyan gaz** Non yo konn souvan bay planèt siperyè yo: Jipitè, Satin, Iranis ak Neptin.
- gasohol | esans-alkòl** Yon melanj gazolin ak alkòl.
- gene | jèn** Yon sekans ADN ki detèmine yon trè epi ki pase de paran a desandan l yo.

- gene therapy | terapi jenik** Pwosesis kote y ap ranplase yon jèn ki manke oswa ki gen pwoblèm ak yon jèn ki fonksyone nòmalman pou trete yon maladi oswa yon twoub medikal.
- generator | jeneratè** Yon aparèy ki transfòme enèji mekanik an enèji elektrik.
- genetic disorder | twoub jenetik** Yon kondisyon anòmal yon moun eritye atravè jèn oswa kwomozòm.
- genetic engineering | jeni jenetik** Transfè yon jèn sot nan ADN yon òganis pou ale nan yon lòt òganis, pou ka pwodui yon òganis avèk trè dezire a.
- genetics | jenetik** Etid syantifik sou eredité.
- genome | jenòm** Totalite materyèl jenetik yon òganis pote nan ADN li.
- genotype | jenotip** Estrikti jenetik yon òganis, oswa kombinezon alèl yo.
- genus | jan** Yon kategori taksonomik ki nome yon gwooup kote tout òganis ki ladan yo sanble e yo pwòch.
- geocentric | jeyosantrik** Mo ki dekri yon modèl linivè kote latè nan sant planèt ak etwal k ap fè wotasyon yo.
- geode | jeyòd** Yon wòch ki gen yon kavite kote mineral kristal te grandi andedan l.
- Geographic Information System | Sistèm Enfòmasyon Jeyografik** Yon sistèm disk di ak lojisyèl òdinatè yo itilize pou pwodui kat jeyografik entèaktif.
- geologic time scale | echèl tan jeyolojik** Peryòd tan ki kouvari evènman jeyolojik ak fòm lavi nan istwa latè.
- geosphere | jeyosfè** Pati latè ki pi dans ki enkli kwout, manto ak nwayo.
- geostationary orbit | òbit satelit jeyoestasyonè** Yon òbit kote yon satelit kontoune latè nan menm vitès ak wotasyon latè kidonk li rete nan menm plas tout tan.
- geothermal energy | enèji jeyotèmik** Enèji tèmik entans ki soti andedan latè.
- germination | jèminasyon** Developman anbriyon an andeyò yon gress; sa rive lè anbriyon an rekòmanse kwasans li aprè yon peryòd ralanti.
- gestation period | peryòd jestasyon** Peryòd tan ant fegondasyon ak nesans yon mamifè.
- gill | branchi** Yon estrikti plime ki pèmèt echanj gaz yo ant dlo ak san.
- gizzard | zizye** Yon ògan miskilè, pawa epè ki peze epi moulen manje ki pasyèlman dijere.
- glacier | glasye** Yon gwo mas glas ki deplase dousman sou yon tè.
- gland | glann** Yon ògan ki pwodui epi degaje pwodui chimik swa atravè kanal oswa nan kouran sangen an.
- Global Positioning System | Sistèm Mondyal Lokalizasyon** Yon sistèm lokalizasyon ki itilize siyal satelit pou lokalize yon aparèy reseptè sou sifas latè.
- global winds | van global** Van ki sot nan direksyon presi ki vante de fason pèsistan sou distans ki long.
- globular cluster | ama globilè** Yon gwoup ansyen etwal ki laj, won, ki kole youn ak lòt.
- glucose | glikoz** 1. Yon sik ki se yon kokenn sous enèji pou selil yo nan kò a. 2. Yon senp idrat kabòn; monomè anpil idrat kabòn konplèks.
- Golgi apparatus | aparèy Golgi** Yon òganit nan yon selil ki resevwa pwoteiny ak lòt materyèl ki sot nan retikilòm andoplasmik la, li anbale yo epi distribiye yo nan lòt pati selil la.
- gradualism | pwogresivite** Modèl evolisyon ki karakterize pa akimilasyon lant epi pwogresif chanjman jenetik sou peryòd tan ki long.
- grains | gren** Patikil mineral oswa lòt wòch ki bay yon wòch teksti li.
- granite | granit** Yon wòch magma ki souvan gen koulè leje ki nan kwout kontinental la.
- grassland | preri** Yon zòn kote pifò kote a se zèb ak lòt plant ki pa gen bwa epi ki resevwa ant 25 a 75 santimèt lapli chak ane.
- gravitational potential energy | enèji potansyèl gravitasyonèl** Enèji potansyèl ki depann de wotè yon objè.
- gravity | gravite** Fòs atraksyon ant objè yo; fòs ki fè objè yo deplase an desandan.
- greenhouse effect | efè desè** Kèk gaz nan atmosfè planèt la kaptire chalè toupre sifas planèt la.
- greenhouse gases | gaz a efè desè** Gaz nan atmosfè a ki kaptire enèji.
- groin | epi** Yon miray ki fèt ak wòch oswa beton yo batí pa deyò yon plaj pou redui ewozyon.
- grounded | mizatè** Pèmèt chaj yo sikile direkteman sot nan sikui a pou rantre nan kondiktè mizatè yon bilding epi aprè sa nan latè ankake ta gen yon kou sikui.
- groundwater | dlo souteren** Dlo ki ranpli fant ak espas nan sòl ak kouch wòch souteren.
- group | gwoup** Eleman ki nan menm kolòn vètikal nan tablo peryodik la; yo rele l fanmi tou.

**gully | rigòl** Yon gwo kanal nan tè a ki kote dlo ale aprè yon tanpèt lapli.

**gymnosperm | jimmospèrm** Yon plant ki pwodui grenn dirèkteman sou ekay kòn yo—pa antoure avèk yon fwi pwotektè.

## H

**habitat | abita** Yon anviwonnanman ki ofri bagay yon òganis espesifik bezwen pou l viv, grandi epi repwodui.

**half-life | demi-peryòd** Tan li pran pou mwatye atòm yon eleman radyoaktif dekonpoze.

**hazardous waste | dechè danjre** Yon materyèl ki ka danjre si yo pa elimine l kòmsadwa.

**headland | pwomontwa** Yon pati rivaj la ki sòti al nan oseyan an.

**heat | chalè** Transfè enèji tèmik sot nan yon objè ki pi cho pou ale nan yon objè ki pi fre.

**heliocentric | elyosantrik** Mo ki dekri yon modèl sistèm solè a kote latè ak lòt planèt yo fè wotasyon otou solèy la.

**hemoglobin | emoglobin** Yon pwoteyin ki gen fè ki chimikman lye avèk molekil oksijèn; se sa ki konpoze piò nan globil wouj yo.

**heredity | eredité** Transfè trè de paran a desandan yo.

**hertz (Hz) | hertz (Hz)** Inite mezi pou frekans.

**Hertzsprung-Russell diagram | dyagram**

**Hertzsprung-Russell** Yon grafik ki gen rapò ak tanperati sifas yo ak liminozite absolu etwal yo.

**heterotroph | etewotwòf** Yon òganis ki pa kapab fè pwòp manje l, men ki konsome lòt òganis ki vivan pou jwenn manje l la.

**heterozygous | etewozigòt** Lè genyen de diferan alèl pou yon jèn patikilye.

**hibernation | ibènasyon** Yon animal redui aktivite l konsiderableman pandan sezon livè.

**histamine | istamin** Yon pwodui chimik ki responsab pou sentòm yon alèji.

**homeostasis | omeyostazi** Kondisyon kote anviwonnan entèn yon òganis rete estab malgre chanjman ki fèt nan anviwonnan ekstèn lan.

**homologous structures | estriktee omològ** Estrikti ki similè nan diferan espès ki te eritye l de yon zansèt komen.

**homozygous | omozigòt** Lè gen de alèl idantik pou yon jèn patikilye.

**hormone | òmòn** 1. Yon pwodui chimik ki afekte kwasans ak devlopman. 2. Pwodui chimik yon glann andokrin pwodui.

**host | ot** Yon òganis ki abrite yon parazit, swa avèk li, swa andedan li, swa sou li, epi li founi yon sous enèji oswa yon anviwonnanman apwopriye pou parazit la ka viv.

**hot spot | pwen cho** Yon zòn kote magma ki sot byen fon nan manto a fonn atravè kwout la ki sou tèt li.

**Hubble's law | Iwa Hubble** Obsèvasyon ki montre pi lwen yon galaksi ye, se pi rapid l ap deplase.

**humid subtropical | sibtwopikal imid** Yon klima ki imid epi ki cho ou jwenn nan pwent twopik yo.

**humidity | imidite** Montan vapè dlo nan yon volim lè done.

**humus | imis** Matyè òganik koulè fonse ki nan tè a.

**hurricane | siklòn** Yon tanpèt twopikal ki genyen van ki depase apeprè 119 kilomèt a lè oswa plis.

**hybrid | ibrid** Yon desandan kwazman ki gen de diferan alèl pou yon trè.

**hybridization | ibridasyon** Yon metòd elvaj seleksyon kote yo fè kwazman diferan endivid pou rasanble meyè trè nan toulè de paran yo.

**hydrocarbon | idwokabi** Yon konpoze òganik ki genyen atòm kabòn ak idwojen sèlman.

**hydroelectric power | enèji idwoelektrik**

Enèji sinetik pwodui elektrisite lè dlo an mouvman sou yon chit dlo oswa yon baraj.

**hydrogen ion | iyon idwojèn** Yon iyon ki gen chaj pozitif ( $H^+$ ) ki fòme avèk yon atòm idwojèn ki te pèdi elektwon l yo.

**hydrosphere | idwosfè** Pòsyon latè ki gen dlo sou tout fòm, ikonpri osyean, glasye, rivyè, lak, dlo souteren ak dlo vapè.

**hydroxide ion | iyon idwoksid** Yon iyon ki gen chaj negatif ki fèt avèk oksijèn ak idwojèn ( $OH^-$ ).

**hypertension | ipètansyon** Yon maladi kote presyon ateryèl yon moun toujou rete pi wo pase nòmal; yo rele maladi sa a tansyon tou.

**hyphae | ifa** Tib anbranchman ki tankou filaman ki konpoze kò chanpion miltiselilè.

**hypothalamus | ipotalamis** Yon pati nan sèvo a ki relye sistèm nève a avèk sistèm andokrin nan.

**hypothesis | ipotèz** Yon eksplikasyon ki posib pou yon seri obsèvasyon oswa repons a yon kesyon syantifik; li dwe kapab teste.

**ice age | glasyasyon** Yon epòk nan istwa Tè a kote glasye yo te kouvari anpil kote sou sifas la.

**igneous rock | wòch igne** Yon tip wòch ki fòme akoz refwadisman wòch ki fonn sou sifas la oswa anba sifas la.

**image | imaj** Yon kopi yon objè ki fòme avèk refleksyon oswa refraksyon reyon limyè.

**immigration | imigrasyon** Mouvman endivididi nan yon zòn ki déjà gen moun ki peple l.

**immune response | repons iminitè** Pati nan defans kò a kont patojèn kote selil nan sistèm iminitè a reyaji a chak kalite patojèn avèk yon defans ki vize presizeman patojèn sa a.

**immunity | iminite** Kapasite kò a genyen pou l detwi patojèn anvan yo ka koze maladi.

**impermeable | enpèmeyab** Yon patikilarite kèk materyèl genyen, tankou ajil ak granit, kote li pa fasil pou dlo pase ladan yo.

**imprinting | enpreyasyon** Yon konpòtman aprantisaj kote zwazo manman yo fèk kouve yo ak mamifè ki fèk fèt suiv premye bagay yo wè k ap deplase.

**impulse | enpilsyon** Yon mesaj elektrik ki pote enfòmasyon nan sistèm nèvè a.

**inbreeding | andogami** Yon metòd elvaj seleksyon kote yo kwaze de endivididi ki gen menm seri alèl.

**incineration | ensinerasyon** Lè yo boule dechè solid.

**inclined plane | plan enkline** Yon machin senp ki gen sifas ki plat, enkline.

**incomplete dominance | dominans enkonplè** Yon sitiyyasyon kote yon alèl pa konplètman dominan sou yon lòt alèl.

**incomplete metamorphosis | metamòfoz enkonplè** Yon tip metamòfoz ki gen twa etap: ze, nenf ak adilt.

**index contour | koub metrè** Sou yon kat topografik, yon koub nivo ranfòse ki make avèk elevasyon koub nivo sa a.

**index fossil | fosil karakteristik** Fosil òganis ki lajman distribye ki te viv pandan yon peryòd jeyolojik ki kout.

**index of refraction | endis refraksyon** Yon mezi kantite reyon limyè ki koube lè li pase de yon milye a yon lòt.

**indicator | endikatè** Yon konpoze ki chanje koulè lè li an prezans yon asid oswa yon baz.

**induction | endiksyon** Yon metòd ki redistribye chaj sou yon objè pa mwayen chan elektrik yon lòt objè; objè yo pa gen ankenn kontak dirèk.

**inductive reasoning | rezonnman endiktif** Itilizasyon obsèvasyon presi pou fè jeneralizasyon.

**inertia | inèsi** Tandans yon objè genyen pou l reziste yon chanjman ki an mouvman.

**infectious disease | maladi enfektye** Yon maladi prezans yon èt vivan ki nan kò a koze ki ka pase de yon òganis a yon lòt.

**inflammatory response | reyaksyon enflamatwa** Pati nan defans kò a kont patojèn, kote likid ak global blan koule sot nan vesò sangen yo pou ale nan tisi yo epi yo detwi patojèn yo lè yo dekonpoze yo.

**infrared radiation | radyasyon enfrawouj** Onn elektromayetik ki gen longè donn ki pi long pase limyè vizib men ki pi kout pase mikwo onn.

**infrared rays | reyon enfrawouj** Onn elektromayetik ki gen longè donn ki pi kout ak frekans ki pi wo pase mikwo onn.

**inheritance | eritaj** Pwosesis kote yon pitit resevwa jèn paran l yo.

**inhibitor | inibitè** Yon materyèl ki redui vitès yon reyaksyon.

**inner core | nwayo entèn** Yon esfè dans ki fèt ak nikèl solid nan sant latè.

**inorganic | inòganik** Ki pa fòme apati èt vivan oswa rès èt vivan yo.

**input | antre** Materyèl, enèji oswa enfòmasyon ki ale nan yon sistèm.

**input force | fòs dantre** Fòs ki egzèse sou yon machin.

**insight learning | aprantisaj pa entuisyon** Pwosesis kote w aprann ki jan pou rezoud yon pwoblèm oswa fè yon bagay ki nouvo lè w aplike sa ou konnen déjà.

**instantaneous speed | vitès enstantane** Vitès yon objè nan yon enstan.

**instinct | enstenk** Yon konpòtman ine kote yon animal fè yon bagay kòrèkteman sou premye fwa a.

**insulation | izolasyon** Materyèl ki kaptire lè pou ede bloke transfè chalè ant lè ki andedan ak lè ki andeyò yon biling.

**insulator | izolatè** 1. Yon materyèl ki pa kondui chalè byen. 2. Yon materyèl ki pa pèmèt chaj elektrik sikile fasilman.

**insulin | ensilin** Yon òmòn ki sot nan pankreyas la ki pèmèt selil kò a absòbe glikoz ki sot nan san an epi itilize l pou enèji.

**intensity | entansite** Kantite enèji pa segonn yon onn pote atravè yon sifas initè.

**interference | entèferans** Entèaksyon ant de onn ki rankontre.

**internal fertilization | fegondasyon entèn** Lè ze yo fegonde andedan kò yon femèl.

**interneuron | entenewòn** Yon newòn ki pote enpilsyon nève sot nan yon newòn pou ale nan yon lòt.

**interphase | entefaz** Premye faz sik selilè a ki fèt anvan selil la divize, nan faz sa a yon selil grandi epi li fè yon kopí ADN li.

**intertidal zone | zòn entètidal** Yon zòn kote liy mare wo ki pi wo a sou tè ak pwen sou platfòm kontinental la mare ba ki pi ba a ekspoze.

**intestine | entesten** Yon ògàn kote dijesyon fèt epi manje absòbe.

**intrusion | entrizyon** Yon kouch wòch igne ki fòme lè magma andisi anba sifas latè.

**intrusive rock | wòch entrizif** Wòch igne ki fòme lè magman andisi anba sifas latè.

**inversely proportional | envèsman**

**pwopòsyonèl** Yon ekspresyon yo itilize pou dekri relasyon ant de varyab ki gen yon pwodui ki konstan.

**invertebrate | envètebre** Yon animal ki pa gen yon kolòn vêtebral.

**involuntary muscle | misk lis** Yon misk ki pa sou kontwòl konsyan.

**ion | iyon** Yon atòm oswa gwooup atòm ki vin gen chaj elektrik.

**ionic bond | lyezon yonik** Atraksyon ki egziste ant yon ki gen chak ji opoze.

**ionic compound | konpoze iyonik** Yon konpoze ki genyen iyon pozitif ak iyon negatif.

**ionosphere | iyonosfè** Pati enferyè tèmosfè a.

**iris | iris** Misk ki antoure pipiy la epi ki reglemante kantite limyè ki rantre nan zye a; li bay je a koulè li.

**irregular galaxy | galaksi iregilye** Yon galaksi ki pa gen yon fòm regilye.

**island arc | ak ensilè** Yon chèn vòlkan ki fòme akoz sibdiksyon plak oseyanik lan anba yon dezyèm plak oseyanik.

**isobar | izoba** Yon liy sou yon kat meteyowolojik ki relye kote ki gen menm presyon atmosferik.

**isotherm | izotèm** Yon liy sou yon kat meteyowolojik ki relye kote ki gen menm tanperati.

**isotope | izotòp** Yon atòm ki gen menm kantite pwoton ak yon kantite diferan netwon ki sot nan lòt atòm ki nan menm eleman an.

## J

**jet streams | kouran-jè** Kouran dè a grann vitès apeprè 10 kilomèt anwo sifas latè.

**joule | joul** Yon inite pou mezi travay ki egal a yon neton-mèt.

## K

**karst topography | topografi karst** Yon rejyon kote yon kouch wòch lacho ki pre sifas la kreye vale pwofon, kavèn ak efondreman.

**karyotype | karyotip** Yon foto tout kwomozòm imen yo nan yon selil ki gwoupe ansanm pa pè epi ki aranje nan lòd dekwasan an gwochè.

**Kelvin scale | echèl Kelvin** Echèl tanperati kote zewo sou echèl la se tanperati kote yo paka retire ankenn enèji ankò nan matyè a.

**kettle | mamit jeyan** Yon ti depresyon ki fòme lè yon moso glas rete nan depo glasyè a.

**keystone species | espès kle** Yon espès ki enflyanse sivi anpil lòt espès nan yon ekosistèm.

**kidney | ren** Yon kokennchenn ògàn sistèm ekskretwa a; li retire ire ak lòt dechè nan san an.

**kinetic energy | enèji sinetik** Enèji yon objè genyen akoz mouvman li.

**Kuiper belt | senti Kuiper** Yon rejyon ki etann odela òbit Neptin jiska apeprè 100 fwa distans latè apati de solèy la.

## L

**La Niña | La Niña** Yon evènman klimatik nan Oseyan Pasifik lès la kote dlo sifas yo pi frèt pase nòmal.

**land breeze | briz tè** Briz ki soufle sot sou tè pou al sou yon etandi dlo.

**land reclamation | restorasyon tè** Pwosesis restorasyon tè pou l vin nan yon eta ki pi natirèl, pi pwodiktif.

- landform | fòm relyèf** Yon karakteristik sifas Tè a, tankou arebò lanmò a, din oswa mòn.
- landform region | rejyon fòm teren** Yon zòn teren laj kote topografi a konpoze prensipalman de yon tip fòm teren.
- large intestine | gwo entesten** Dènye seksyon sistèm dijestif la, kote dlo absòbe nan kouran sangan an epi rès matyè yo elimine sot nan kò a.
- larva | lav** Fòm yon animal ki poko fin devlope ki pa sanble avèk fòm adilt la ditou.
- larynx | larenks** Bwat vwa a; li sitiye nan pati siperyè trache a, anba epiglot la.
- latitude | latitud** Distans an degré onò oswa osid ekwitat a.
- lava | lav** Magma likid ki rive sou sifas la.
- law of conservation of energy | lwa konsèvasyon enèji** Règ kote yo paka ni kreye ni detwi enèji.
- law of conservation of mass | lwa konsèvasyon mas la** Prensip ki fè konnen kantite total matyè a toujou rete menm, kèlkeswa chanjman chimik oswa fizik k ap fèt yo.
- law of conservation of momentum | lwa konsèvasyon enpilsyon** Règ ki deklare nan absans fòs eksteryè enpilsyon total objè ki aji youn ak lòt pa chanje.
- law of superposition | prensip sipèpozisyon** Prensip jeyolojik ki deklare nan kouch orizontal wòch sedimantè, chak kouch pi ansyen pase kouch ki anwo li epi pi jèn pase kouch ki anba li.
- law of universal gravitation | lwa gravitasyon inivèsèl** Lwa syantifik ki deklare chak objè nan linivè atire chak lòt objè.
- leachate | liksivyat** Likid polye dlo k ap pase ak pwodui chimik ki fonn sot nan dechè ki antere nan teren fatra pwodui.
- learning | aprantisaj** Pwosesis ki pote chanjman nan konpòtman ki baze sou pratik oswa eksperyans.
- leeward | pwoteje kont van** Bò yon chèn montay ki pwoteje kont van k ap soufle.
- lens | lantiy** 1. Estrikti fleksib ki fokalize limyè ki penetre nan je a. 2. Yon moso glas koube oswa lòt materyèl transparan yo itilize pou refrakte limyè.
- lever | levye** Yon senp machin ki genyen yon ba rijid ki pivoté sou yon pwen fiks.
- lichen | lichenn** Konbinezon yon chanpiyon avèk swa yon alg swa yon bakteri ototwofik ki abite ansanm nan yon relasyon ki benefisyé toulè de òganis yo.
- ligament | ligaman** Tisi konjonktif rezistan ki kenbe zo yo ansanm nan yon jwenti mobil.
- light-year | ane-limyè** Distans limyè a ap deplase nan yon ane; anviwon 9.46 trilyon kilomèt.
- limiting factor | faktè limitan** Yon faktè anviwonmantal ki lakoz yon popilasyon diminye an gwo-sè.
- lipid | lipid** Yon konpoze òganik ki rich an enèji, tankou grès, luil oswa lasi, ki fèt avèk kabòn, idwojèn ak oksijèn.
- liquid | likid** Eta yon matyè ki pa gen ankenn fòm ki defini men ki gen yon volim ki defini.
- lithosphere | litosfè** Yon kouch rigid ki konpoze pati ki pi siperyè manto a ak kwout la.
- litter | lityè** Premye kouch yon tè fètil ki fèt avèk fèy ak zèb ki mouri.
- liver | fwa** Pi gwo ògàn andedan kò a; li jwe yon wòl nan anpil pwosesis kò a, tankou pwodiksyon bil pou sistèm dijestif la.
- loam | tè ajil** Tè rich, fètil ki konpoze de apeprè pati egal ajil, sab ak limon.
- loess | lès** Yon depo ki fòme akoz van ki fèt avèk patikil fen ajil ak limon.
- long-day plant | plant emewoperyodik** Yon plant ki fè flè lè nwit yo pi kout pase longè nwit kritik plant lan.
- longitude | lonjitud** Distans an degré alès oswa alwès meridyen orijin nan.
- longitudinal wave | onn lonjitudinal** Yon onn ki deplase milye a nan yon direksyon ki paralèl a direksyon kote onn lan vwayaje.
- longshore drift | deriv litoral** Mouvman dlo ak sediman sou yon plaj akoz vag k ap vini sou rivaj la nan yon ang.
- loudness | soni** Pèsepsyón enèji yon son.
- lunar eclipse | eklips linè** Blokaj ki anpeche limyè solèy rive sou lalin lan ki fèt lè latè dirèkteman ant solèy la ak lalin lan.
- lung | poumon** 1. Yon ògàn ou jwenn nan vètèbre ki respire lè ki echanje oksijèn ak dyoksid kabòn avèk san. 2. Nan imen yo, youn nan de ògàn prensipal sistèm respiratwa a.
- luster | reflè** Fason yon mineral reflete limyè sou sifas li.

- lymph | lenf** Likid ki konpoze avèk dlo ak lòt materyèl ki fonn sistèm lenfatik la kolekte epi retounen l nan kouran sangen an.
- lymph node | ne lenfatik** Yon ti mas tisi nan sistèm lenfatik la ki filtre lenf, kaptire bakteri ak lòt mikwoòganis ki koze maladi.
- lymphatic system | sitèm lenfatik** Yon rezo vesò ki tankou venn ki retounen likid ki koule sot nan vesò sangen an pou al nan kouran sangen an.
- lymphocyte | lenfosit** Yon global blan ki distenge ant chak kalite patojèn.
- lysosome | lizosòm** Yon òganit selilè ki genyen pwodui chimik ki dekonpoze gwo patikil manje an patikil ki pi piti rès selil la ka itilize.
- ## M
- machine | machin** Yon aparèy ki chanje kantite fòs ki egzèse, distans kote fòs la egzèse oswa direksyon kote fòs la egzèse.
- magma | magma** Melanj sibstans an fizyon ki fòme wòch, gaz ak dlo ki sot nan manto a.
- magnetic declination | deklinezon mayetik** Ang ant nò jeyografik ak nò mayetik kote zegwi yon konpa pwente.
- magnetic field | chan mayetik** Rejyon ozalantou yon eman kote fòs mayetik egzèse.
- magnetic force | fòs mayetik** Yon fòs ki pwodui lè pòl mayetik yo aji youn ak lòt.
- magnetic pole | pòl mayetik** Pwent yon objè mayetik, kote fòs mayetik la pi fò.
- magnetism | mayetis** Fòs atraksyon oswa repilsyon materyèl mayetik.
- magnitude | mayitud** Mezi pisans yon tranblemanntè ki baze sou onn seyismik ak mouvman sou fay yo.
- main sequence | seri prensipal** Yon zòn dyagonal sou yon dyagram Hertzsprung-Russell ki enkli plis pase 90 poustan tout etwal yo.
- malleable | maleyb** Yon mo yo itilize pou dekri materyèl yo ka matle oswa woule an fèy plat.
- mammal | mamifè** Yon vètèbre kote tanperati kò li reglemante pa chalè ki sot nan kò li, epi po li kouvri avèk cheve oswa pwal ak glann ki pwodui lèt pou nourti pitit li yo.
- mammary gland | glann mamè** Yon ògàn nan mamifè femèl ki pwodui lèt pou pitit mamifè a.
- manipulated variable | varyab kòmand** Faktè yon syantis chanje pandan yon eksperyans; yo rele l tou varyab endepandan.

- mantle | manto** Kouch materyèl ki cho, rezistan ant kwout ak nwayo latè.
- map projection | pwojeksyon katografik** Yon dyagram liy ki ede transfere pwen ki sou sifas latè sou yon kat plat.
- maria | mè** Pati ki fonse, plan sou sifas lalin lan ki te fòme apati kokennchenn ekoulman lav.
- marine climate | klima maritim** Klima kèk rejyon kotye, kote livè yo relativman cho epi ete yo relativman fre.
- marrow | mwèl** Tisi konjonktif mou ki ranpli andedan zo yo.
- marsupial | masipyal** Yon mamifè ki fè yon ptit ki nan premye faz devlopman li, epi ki kontinye devlope nan yon pòch ki sou kò manman an.
- mass | mas** Mezi kantite matyè ki nan yon objè.
- mass extinction | ekstenksyon**
- masiv** Evènman kote tout yon espès òganis ki vivan vin mouri nan menm lè a.
- mass movement | mouvman an mas** Nenpòt nan plizyè pwoesisis kote gravite fè sediman deplase anba.
- mass number | nonb mas** Nonb total pwoton ak netwon ki nan nwayo yon atòm.
- matter | matyè** Nenpòt bagay ki gen yon mas epi ki okipe yon espas.
- mean | mwayèn** Mwayèn nimerik yon seri done.
- meander | sèpante** Yon koub ki tankou yon bouk nan kou yon rivyè.
- mechanical advantage | efè mekanik** Kantite fwa yon machin ogmante yon fòs ki egzèse sou li.
- mechanical energy | enèji mekanik** Enèji sinetik oswa potansyèl ki asosye avèk mouvman oswa pozisyon yon objè.
- mechanical engineering | jeni mekanik** Branch jeni ki gen rapò ak konsepsyon, konstriksyon ak operasyon machinri.
- mechanical wave | onn mekanik** Yon onn ki nesesite yon milye kote li ka vwayaje.
- mechanical weathering | alterasyon mekanik** Tip alterasyon kote wòch fizikman kase an moso ki pi piti.
- mechanism | mekanis** Pwoesisis natirèl ki pèmèt yon bagay rive.
- median | mediàn** Chif ki nan mitan yon seri done.
- medium | milye** Materyèl kote onn vwayaje atravè li.

- medusa | mediz** Yon fòm nidè ki an fòm yon parapli ki ouvri epi ki adapte pou yon vi akwatik.
- meiosis | meyoz** Pwosesis ki rive nan fòmasyon selil seksyèl (espèm ak ze) kote kantite kwomozòm yo redwi a mwatye.
- melanin | melanin** Yon pigman ki bay po a koulè li.
- melting point | pwen fizyon** Tanperati kote yon sibstans chanje de yon solid a yon likid; menm jan ak pwen konjelasyon, oswa tanperati kote yon likid chanje an yon solid.
- meniscus | menisk** Sifas koub yon likid nan yon kolòn likid.
- mercury barometer | bawomèt a mèki** Yon enstriman ki mezire chanjman nan presyon atmosferik la, ki genyen yon tib an glas ki pasyèlman ranpli avèk mèki, epi pwen ki ouvè a repoze sou yon resipyen mèki.
- mesosphere | mezosfè** Kouch atmosfè latè ki imedyatman anwo estratosfè a.
- messenger RNA | ARN mesaje** Tip ARN ki pote enstriksyon pou asanblaj asid amine nan pwoteyin yo sot nan ADN pou ale nan ribozòm nan sitoplas la.
- metabolism | metabolism** Konbinezon reyakson chimik kote yon òganis akimile oswa dekonpoze matyè yo.
- metal | metal** Yon klas eleman ki karakterize pa pwopriete fizik ki enkli ekla, maleyabilite, dosilite ak kondiktivite.
- metallic bond | lyezon metalik** Yon atrakson ant yon iyon metal ki pozitif ak elektwon ki antoure li.
- metalloid | metaloyid** Yon eleman ki genyen kèk karakteristik metal ak non-metal.
- metamorphic rock | wòch metamòfik** Yon tip wòch ki fòme apati yon wòch ki egziste deja, ki chanje akoz chalè, presyon oswa reyakson chimik.
- metamorphosis | metamòfoz** Yon pwosesis kote kò yon animal fè yon kokennchenn chanjman nan fòm kò li pandan sik lavi li.
- meteor | meteyò** Yon tras limyè nan syèl la ki rive akoz yon meteyorit ap boule nan atmosfè latè.
- meteorite | meteyorit** Yon meteyorit ki pase atravè atmosfè latè epi ki frape sifas latè.
- meteoroid | meteyowoyid** Yon moso wòch oswa pousyè nan lespas, jeneralman ki pi piti pase yon astewoyid.
- meteorologist | metewowològ** Yon syantifik kap etidye sa ki lakòz kondisyon metewolojik yo e ki eseye predi yo.
- metric system | sistèm metrik** Yon sistèm mezi ki baze sou nimewo 10.
- microgravity | mikwogravite** Kondisyon kote w fè eksperyans apezantè ann òbit.
- microorganism | mikwoòganis** Yon èt vivan ki twò pitit pou obsève san yon mikwoskòp.
- microscope | mikwoskòp** Yon enstriman ki fè objè ki piti yo sanble pi gwo.
- microwaves | mikwoonn** Onn elektwomayetik ki genyen longè donn ki pi kout epi frekans ki pi wo pase onn radyoelektrik.
- mid-ocean ridge | dòsal medyo-oseyanik** Yon chèn montay soumaren koute nouvo fon lanmè pwodui; yon limit plak litosferik divèjan anba lanmè a.
- migration | migrasyon** Vwayaj regilye, sezonye yon animal fè pou l soti nan yon anviwonnan pou l ale nan yon lòt epi pou l retounen pou l jwenn manje oswa pou repwodiksyon.
- mineral | mineral** 1. Yon solid natirèl ki ka fòme grasa pwosesis inòganik, ki gen yon estrikti kristal e ki gen yon konpozisyon chimik byen presi.
- mirage | miraj** Imaj yon objè distan ki se rezulta refrakson limyè pandan l ap vwayaje nan lè ki gen tanperati varye.
- mitochondria | mitokondri** Òganit an fòm baton ki konvèti enèji ki nan molekil manje an enèji selil la ka itilize pou akonpli fonksyon l yo.
- mitosis | mitoz** Dezyèm fas sik selilè a kote nwayo selil la divize an de nouvo nwayo epi yon seri ADN distribiye al nan chak selil fi.
- mixture | melanj** De sibstans oswa plis ki ansanm nan menm kote men atòm yo pa chimikman lye.
- mode | mòd** Nimewo ki parèt pi souvan nan yon lis nimewo.
- model | modèl** Yon reprezentasyon yon objè oswa yon pwosesis konplèks, yo itilize pou ede moun konprann yon konsèp yo paka obsève dirèkteman.
- Modified Mercalli scale | echèl Mercalli**
- modifye** Yon echèl ki mezire entansite yon tranblemanntè.

**Mohs hardness scale | echèl dite Mohs** Yon echèl ki klase dis mineral sot nan sa ki pi mou pou ale nan sa ki pi di; yo itilize l pou teste dite mineral yo.

**mold | moul** Yon tip fosil ki se yon zòn kre nan sediman ki gen fòm yon òganis oswa pati yon òganis.

**molecular compound | konpoze molekilè**  
Yon konpoze ki konpoze avèk molekil.

**molecule | molekil** Yon gwooup net ki gen de atòm oswa plis ki makonnen ansanm avèk lyezon kovalant.

**mollusk | molisk** Yon envètebre ki genyen yon kò mou, non segmante; pifò ladan yo genyen yon karapas di ki pwoteje yo.

**molting | mi** Pwosesis ki jete yon egzoeskèlèt ki twò piti.

**moment magnitude scale | echèl mayitid**  
**moman** Yon echèl ki mezire tranblemanntè lè li estime enèji total yon tranblemanntè degaje.

**momentum | kantite mouvman** Pwodui mas ak vitès yon objè.

**monocot | monokòt** Yon anjyospèm ki gen yon sèl fèy ki pote gress.

**monotreme | monotrèm** Yon mamifè ki ponne ze.

**monsoon | mouson** Van lanmè oswa latè k ap soufle sou yon reydon vas ki chanje direksyon avèk sezón yo.

**moon | lalin** Yon satelit natirèl k ap vire toutotou yon planèt.

**moraine | morèn** Yon krèt depo glasyè ki depoze nan pwent yon glasye fòme.

**motion | mouvman** Eta kote distans yon objè de yon lòt objè ap chanje.

**motor neuron | newòn motè** Yon newòn ki voye yon enpilsyon nan yon misk oswa glann, ki lakoz misk la oswa glann lan reyaji.

**mountain range | chèn montay** Yon gwooup montay ki rapwoche nan fòm, estrikti, zòn ak laj.

**mucus | mikis** Yon sibstans ki epè, glisan kò a pwodui.

**multicellular | multisellè** Ki fèt ak anpil selil.

**multiple alleles | alèl miltip** Twa alèl oswa plis nan yon jèn ki detèmine yon karakteristik.

**municipal solid waste | dechè solid minisipal**  
Dechè ki soti nan kay, biznis, lekòl ak nan yon kominote.

**mutation | mitasyon** Tout chanjman nan ADN yon jèn oswa yon kwomozòm.

**mutualism | mytalis** Yon tip relasyon senbyotik kote toulè de espès yo benefisyé lè yo viv ansanm.

## N

**natural resource | resous natirèl** Nenpòt bagay imen yo itilize e ki egziste natirèlman nan anviwonnan an.

**natural selection | seleksyon natirèl**  
Pwosesis kote òganis yo ki pi byen adapte a anviwonnan yo gen plis chans pou yo siviv epi repwodui.

**neap tide | mare mó-dlo** Mare ki gen lemewns diferans ant mare ba ak mare wo konsekitif.

**nearsighted | myòp** Yon kondisyon kote yon moun ka wè objè ki pre yo klèman epi objè ki lwen yo parèt flou.

**nebula | nebilez** Yon gwo nyaj gaz ak pousyè nan lespas.

**negative feedback | retwoaksyon negatif**  
Yon pwosesis kote yon sistèm fèmen akoz kondisyon li pwodui a.

**nekton | nekton** Animal nektonik ki ka deplase atravè kolòn dlo.

**nephron | nefwon** Ti estrikti filtrasyon ou jwenn nan ren yo ki retire dechè nan san an epi ki pwodui pipi.

**neritic zone | zòn neritik** Pati nan oseyan an ki etann de nivo mare ba a jiska pwent platfòm kontinental la.

**nerve | nè** Yon pakè fib nève.

**nerve impulse | enpilsyon nève** Mesaj yon newòn pote.

**nervous system | sistèm nève** Yon sistèm ògàn ki resevwa enfòmasyon nan anviwonnan an epi koòdone yon repos.

**nervous tissue | tisi nève** Yon tisi ki transpòte mesaj elektrik ale vini ant sèvo a ak lòt pati nan kò a.

**net force | fòs nèt** Fòs jeneral sou yon objè lè tout fòs endividiyèl yo k ap aji sou li adisyone ansanm.

**neuron | newòn** Yon selil ki pote enfòmasyon atravè sistèm nève a.

**neutralization | netralizasyon** Reyakson yon asid avèk yon baz, ki pwodui yon solisyon ki pa gen otan asid ak baz solisyon yo te ye anvan melanj lan.

- neutron | netwon** Yon ti patikil nan nwayo atòm lan, ki pa gen ankenn chaj elektrik.
- neutron star | etwal a netwon** Rès yon etwal a gran mas ki piti, dans aprè yon sipènova.
- newton | newton** Yon inite mezi ki egal a fòs ki nesesè pou akselere 1 kilogram mas a 1 mèt pa segonn pa segonn.
- Newton's first law of motion | premye lwa**
- Newton sou mouvman** Lwa syantifik ki deklare yon objè estasyonè pral rete estasyonè epi yon objè an mouvman pral rete an mouvman avèk yon vitès konstan amwenske yon fòs aji sou li.
- niche | nich** Fason yon òganis viv epi li reyaji ansanm avèk faktè byotik ak faktè abyotik nan abita li.
- nitrogen bases | baz azote** Molekil ki genyen azòt ak kèk lòt eleman.
- nitrogen fixation | fiksasyon azòt** Pwosesis kote yo konvèti azòt nan atmosfè a an konpoze azote plant yo ka absòbe epi itilize.
- noble gas | gaz nòb** Yon eleman nan Gwoup 18 nan tablo peryodik la.
- node | ne** Yon pwen zewo anplitid sou yon onn estasyonè.
- nodule | nodil** Yon boul nan fon lanmè a ki fòme lè metal tankou manganèz akimile ozalantou moso koki.
- noninfectious disease | maladi non-kontajye**
- Yon maladi kote se pa yon patojèn ki koze li.
- nonpoint source | sous non-ponkyèl** Yon sous polisyon ki lajman epapiye ki difisil pou relye a yon pwen orijin presi.
- nonpolar bond | lyezon non-polè** Yon lyezon kovalant kote elektwon yo pataje egal ego.
- nonrenewable resource | resous non renouvlab** Yon resous natirèl ki pa ka ranplase nan yon peryòd tan ki ta pèmèt imen yo itilize l ankò.
- normal fault | fay nòmal** Yon tip fay kote mi ki kwoke yo glise desann; se tansyon sou kwout la ki koze li.
- notochord | kòd dòsal** Yon batonè fleksib ki sipòte do yon kòde jis anba chèn nève a.
- nuclear energy | enèji nikleyè** Enèji potansyèl ki estoke nan nwayo yon atòm.
- nuclear fission | fisyon nikleyè** Divizyon nwayo yon atòm an de nwayo ki pi piti ak netwon, ki degaje yon gwo kantite enèji.

**nuclear fusion | fizyon nikleyè** Pwosesis kote de nwayo atomik konbine pou fòme yon nwayo ki pi gwo, ki fòme yon eleman ki pi lou epi ki degaje gwo kantite enèji; pwosesis kote etwal yo pwodui enèji.

**nuclear reaction | reyakson nikleyè** Yon reyakson ki enplike patikil nan nwayo yon atòm ki ka chanje yon eleman pou fè l tounen yon lòt eleman.

**nucleic acid | asid nikleyik** Yon gwo molekil òganik ki fèt avèk kabòn, oksijèn, idwojèn, azòt ak fosfò, ki genyen enstriksyon selil yo bezwen pou akonpli tout fonksyon lavi.

**nucleus | nwayo** Nan selil yo, yon gwo òganèl ki gen yon fòm oval, ki gen ladan l tout enfòmasyon jenetik selil la sou fòm ADN e ki kontwole anpil nan aktivite k ap fèt nan selil la.

**nutrient | nitriyan** 1. Yon sibstans tankou azòt oswa fosfò ki pèmèt plant oswa alg grandi.  
2. Sibstans nan manje ki founi matyè premyè ak enèji ki nesesè pou yon òganis akonpli pwosesis esansyèl li yo.

**nutrient depletion | epuizman nitriyan**  
Sitiyasyon ki rive lè yo itilize plis nitriyan ki sot nan tè a pase sa dekonpozè yo ka founi.

**nymph | nenf** Yon etaj metamòfoz enkonplè ki souvan sanble ak ensèk adilt la.

## O

**objective | objektif** 1. Yon lantiy ki ranmase limyè nan yon objè epi li fòme yon imaj reyèl.  
2. Dekri aksyon priz desizyon oswa konklizyon ki tire apati de prèv ki disponib.

**obsolete | kadik** Yon bagay yo pa itilize ankò.

**occluded | okli** Fèmen, tankou nan yon fwon kote yon mas lè cho trape ant de mas lè frèt.

**ocean trench | fòs oseyanik** Yon vale anba lanmè a ki reprezante youn nan pati ki pi fon nan oseyan an.

**Ohm's law | lwa Ohm** Lwa ki deklare rezistans nan yon sikui egal a vòltaj divize pa kouran.

**omnivore | omnivò** Yon konsomatè ki jwenn enèji lè l manje ni plant ni bêt.

**Oort cloud | nyaj Oort** Yon zòn esferik komèt ki antoure sistèm solè a.

**opaque | opak** Yon tip materyèl ki reflete oswa absòbe tout limyè ki frape l.

- open circulatory system | sistèm sikilatwa ouvè** Yon sistèm sikilatwa kote kè a ponpe san nan espas ouvè nan kò a epi san pa konfine nan vesò sangan yo.
- open cluster | ama ouvè** Yon ama etwal ki gen yon aparsans lach, dezòganize epi ki genyen pa plis pase kèk milye etwal.
- open system | sikui ouvè** Yon sistèm kote matyè ka rantre oswa soti nan anviwon yo.
- open-ocean zone | zòn oseyan laj** Pati nan oseyan an ki pi fon, pi sonb odela pwent platfòm kontinental la.
- optic nerve | nè optik** Nè ki kout, epè ki pote siyal sot nan je a pou al nan sèvo a.
- optical axis | aks optik** Yon liy imajinè ki divize yon miwa an de.
- optical telescope | teleskòp optik** Yon teleskòk ki itilize lantiy oswa miwa pou kolekte epi fokalize limyè vizib.
- orbit | òbit** Trajektwa yon objè pandan l ap fè wotasyon otou yon lòt objè nan lespas.
- orbital velocity | vitès revolisyon òbital** Vitès yon fize dwe atenn pou l etabli yon òbit otou yon kò nan lespas.
- organ | ògàn** Yon estrikti nan kò a ki konpoze de diferan kalite tisi ki travay ansanm.
- organ system | sistèm ògàn** Yon gwoup ògàn ki travay ansanm pou akonpli yon gwo fonksyon..
- organelle | òganit** Yon ti estrikti selil ki akonpli yon fonksyon presi nan selil la.
- organic rock | wòch òganik** Wòch sedimantè ki fòme apati rès òganis yo ki depoze an kouch epè.
- organism | òganis** Yon bagay ki vivan.
- osmosis | osmoz** Difizyon molekil dlo atravè yon manbràn ki pèmeyab de fason selektif.
- outer core | nwayo eksteryè** Yon kouch font likid ak nikèl ki antoure nwayo entèn latè.
- output | rannman** Materyèl, enèji, rezulta oswa pwodui ki soti nan yon sistèm.
- output force | fòs sòti** Fòs yon machin egzèse sou yon objè.
- ovary | ovè** 1. Yon estrikti flè ki antoure epi pwoteje ovil yo ak gress yo pandan y ap devlope. 2. Ògàn nan sistèm repwodiksyon femèl ki pwodui ze ak estwojèn.
- overtone | son dominan** Yon frekans natirèl ki se yon miltip frekans son fondamantal la.

**ovulation | ovilasyon** Pwosesis kote yon ze ki mi relache sot nan ovè a pou ale nan youn nan twonp Falòp yo.

**ovule | ovil** Estrikti yon plant nan plant a gress yo ki pwodui gametofit femèl; li genyen yon ovil.

**oxbow lake | lak oxbow** Yon meyand ki koupe de yon rivyè.

**oxidation | oksidasyon** Yon chanjman chimik kote yon sibstans konbine avèk oksijèn, tankou lè fè okside, ki fòme yon wouy.

**ozone | ozòn** Yon fòm oksijèn ki genyen twa atòm oksijèn nan chak molekil olye de yon konn genyen dabitud; toksik pou òganis kote li fòme toupre sifas latè.

**ozone layer | kouch ozòn** Kouch nan pati siperyè atmosfè a ki genyen yon konsantrasyon ozòn ki pi wo pase rès atmosfè a.

## P

**P wave | onn P** Yon tip onn sismik ki konprese epi elaji tè a.

**pacemaker | estimilatè kadyak** Yon gwoup selil ki lokalize nan oreyèt dwat la ki voye siyal ki fè misk kè a kontrakte epi ki kontwole frekans kadyak la.

**paleontologist | paleyontolojis** Yon syantis ki etidye fosil yo pou l aprann konsènan òganis ki te viv nan tan lontan.

**pancreas | pankreyas** Yon ògàn triyangilè ki chita ant lestimak la ak premye pati ti entesten an; li pwodui anzim dijestif ki dekonpoze nitriyan.

**Pangaea | Panje** Non yo bay yon sèl mas kontinental ki te kòmanse dispèse 200 milion ane de sa epi ki bay kontinan ki egziste jodi a.

**parallax | paralaks** Chanjman aparan nan pozisyon yon objè lè w obsèvè l apati diferan andwa.

**parallel circuit | sikui paralèl** Yon sikui elektrik kote diferan pati yo nan sikui a sou branch separe.

**parasite | parazit** Yon òganis ki benefisyè lè l viv avèk yon ot, sou yon ot oswa andedan yon ot nan yon relasyon parazitis.

**parasitism | parazitis** Yon tip senbyoz kote yon òganis viv avèk yon ot, sou yon ot oswa andedan yon ot epi li fè l ditò.

- passive immunity | iminite pasif** Iminite kote yo bay yon moun antikò olye se moun nan ki pwodui antikò a nan pwòp kò li.
- passive transport | transpò pasif** Mouvman materyèl ki fonn atravè yon manbràn selilè san li pa itilize enèji selilè.
- pasteurization | pasterizasyon** Yon pwosesis kote yo chofe manje nan yon tanperati ki wo ase pou touye pifò bakteri ki danre yo san yo pa chanje gou manje a.
- pathogen | patojèn** Yon òganis ki koze maladi.
- peat | toub** Kouch mous òtikol ki mouri ki akimile nan toubyè.
- pedigree | pedigree** Yon zouti jenetisyen yo itilize pou anrejistre eritaj trè yo.
- penumbra | penonb** Pati yon lonbraj ki antoure pati ki pi sonb lan.
- Percent Daily Value | Pousantaj Valè Kotidyèn** Yon valè ki montre fason kontni nitrisyonèl yon pòson adapté a rejim yon moun ki konsome 2 000 kalori pa jou.
- percent error | pousantaj erè** Yon kalkil yo itilize pou detèmine si yon valè eksperimental egzat, oswa pwòch vrè valè a toutbonvre.
- period | peryòd** 1. Yon ranje orizontal eleman nan tablo peryodik la. 2. Youn nan inite tan jeyolojik kote jeyològ yo divize è jeyolojik yo.
- periodic table | tab peryodik** Yon fason pou òganize eleman yo selon jan pwopriyete yo repeète.
- peripheral nervous system | sistèm nève periferik** Divizyon sistèm nève a kote tout nè yo lokalize andedan sistèm nève santral la.
- peristalsis | peristaltis** Mouvman kontraksyon miskilè ki fè manje pase atravè ezofoj la pou ale nan vant lan.
- permafrost | pèjelisòl** Sòl ki jele an pèmanans yo jwenn nan rejon klima tounndra byòm lan.
- permeable | pèmeyab** Karakteristik yon materyèl ki genyen espas lè ki konekte, oswa espò kote dlo paka penetre fasilman.
- petrified fossil | fosil petrifye** Yon fosil kote mineral yo ranplase tout yon òganis oswa yon pati ladan l.
- petrochemical | petwochimik** Yon konpoze ki fèt avèk petwòl.
- petroleum | petwoleyòm** Konbistib fosil likid; petwòl.
- pH scale | echèl pH** Yon echèl ki gen valè yo itilize pou endike nan ki degré yon sibstans gen asid oswa baz; li eksprime konsantrasyon iyón idwojèn nan yon solisyon.
- phagocyte | fagosit** Yon global blan ki detwi patojèn lè li anglouti yo epi li dekonpoze yo.
- pharynx | farenks** Gòj la; pati sistèm respiratwa a ak sistèm dijestif la.
- phase | faz** Youn nan diferan fòm aparan lalin lan lè w obsèvè l apati latè.
- phenotype | fenotip** Aparans fizik oswa karakteristik vizib yon òganis.
- pheromone | fewomòn** Pwodui chimik yon animal relache ki afekte konpòtman yon lòt animal nan menm espès la.
- phloem | flèm** Tisi vaskilè ki transpòte manje nan kèk plant.
- photochemical smog | smòg fotochimik** Yon brim epè mawon ki se yon melanj ozòn ak lòt pwodui chimik ki fòme lè polyan yo reyaji avèk limyè solèy la.
- photoelectric effect | efè fotoelektrik** Lè yon sibstans ekspilse elektwon yo lè limyè briye sou li.
- photon | foton** Yon ti patikil oswa pakè enèji limyè.
- photoperiodism | fotoperiodis** Reyakson yon plant fè a chanjman sezón yo nan longè nwit ak jounen.
- photosphere | fotosfè** Kouch enteryè atmosfè solèy la ki degaje limyè vizib li; sifas solèy la.
- photosynthesis | fotosentèz** Pwosesis kote plant yo ak lòt ototwòf kaptire enèji limyè a epi itilize l pou pwodui manje apati dyoksik kabòn ak dlo.
- physical change | transfòmasyon fizik** Yon chanjman ki modifie fòm oswa aparans yon materyèl men ki pa transfòme materyèl la an yon lòt sibstans.
- physical property | pwopriyete fizik** Karakteristik yon sibstans pi moun ka obsèvè san li pa chanje an yon lòt sibstans.
- pigment | pigman** 1. Yon konpoze chimik kolore ki absòbe limyè. 2. Yon sibstans kolore yo itilize pou bay lòt materyèl koulè.
- pioneer species | espès pyonyè** Premye espès ki peple yon zòn pandan siksesyon.
- pipe | dyatrèm** Yon tib long kote magma sikile sot nan rezèvwa magmatik la pou l rive sou sifas latè.
- pistil | pistil** Pati repwidiktif femèl yon flè.

- pitch | wotè son** Yon deskripsiyon sou fason yo pèsevwa yon son, swa wo swa ba.
- pituitary gland | glann pititè** Yon glann andokrin ki reglemante anpil nan aktivite kò a epi ki kontwole aksyon plizyè lòt glann andokrin.
- pixel | piksel** Yon inite enfòmasyon nan yon imaj nimerize, souvan ki parèt tankou yon ti kare oswa yon ti pwent.
- placenta | plasennta** Yon ògàn nan piò mamifè ki ansent, ikonpri imen yo, ki relye manman an ak anbriyon an k ap devlope epi ki pèmèt yo fè echanj materyèl ant yomenm.
- placental mammal | mamifè plasenntè** Yon mamifè ki devlope andedan kò manman l jiskaske sistèm kò li ka fonksyone poukонт li.
- plain | plèn** Yon fòm teren ki genyen tè plat oswa valonnen avèk relyèf ki ba.
- plane mirror | miwa plan** Yon miwa plat ki pwodui yon imaj vityèl ki gen menm gwosè ak objè reyèl la.
- planet | planèt** Yon objè ki kontoune yon etwal, ki ase laj pou l vin awondi akoz pwòp gavite l, epi ki degaje zòn òbit li a.
- planetesimal | planetesimal** Youn nan ti kò ki sanble ak astewoyid ki te fòme blòk konstriksyon planèt yo.
- plankton | plankton** Ti alg ak animal ki tou piti ki flote sou dlo epi ki transpòte pa vag ak kouran dlo.
- plasma | plasma** 1. Pòsyon likid san an. 2. Yon eta matyè ki sanble ak gaz ki gen yon melanj elektwon ak atòm atmosferik ki depouye de elektwon yo.
- plate | plak** Yon seksyon nan litosfè a ki deplase lantman sou astenosfè a, ki pote moso kwout kontinantal ak oseyanik lan.
- plate tectonics | plak tektonik** Teyori ki deklare moso litosfè latè toujou an mouvman, yo kondui pa kouran konveksyon nan manto a.
- plateau | plato** Yon fòm teren ki laj ki gen elevasyon ki wo epi yon sifas ki plizoumwen a nivo.
- platelet | plakèt** Yon fragman selilè ki jwe yon wòl enpòtan nan fòmasyon kayo sangen.
- plucking | defonsaj glasyè** Pwosesis kote yon glasye ranmase wòch pandan l ap pase sou tè.
- point source | sous ponktyèl** Yon sous polisyon espesifik ki ka idantifye.
- polar bond | lyezon polè** Yon lyezon kovalant kote elektwon yo pa pataje de fason egal ego.
- polar zones | zòn polè** Zòn ki toupre toulè de pòl yo apeprè a latitud 66,5 degre a 90 degre nò epi 66,5 degre a 90 degre sid.
- polarization | polarizasyon** Pwosesis kote elektwon yo atire oswa repouse pa yon chan elektrik ekstèn, ki koze elektwon yo deplase nan pwòp atòm yo.
- polarized light | limyè polarize** Limyè ki te filtre konsa tout onn li yo paralèl youn ak lòt.
- pollen | polèn** Ti estrikti tou piti (gametofit mal) pwodui pa plant a gress ki genyen selil ki pita vin tounen selil espèm.
- pollination | polinizasyon** Transfè polèn ki sot nan estrikti repwidiktif mal pou ale nan estrikti repwidiktif femèl nan plant yo.
- pollution | polisyon** Kontaminasyon tè, dlo oswa lè Tè a.
- polyatomic ion | iyon poliatomik** Yon iyon ki fèt avèk plis pase yon atòm.
- polygenic inheritance | eritaj polijenik** Eritaj kék karakteristik ki kontwole pa de jèn oswa plis, tankou wotè nan imen yo.
- polymer | polimè** Yon chenn molekil ki long e ki fèt ak yon seri inite k ap repete youn apre lòt.
- polyp | polip** Yon kò nidè ki karakterize pa yon fòm vaz toudwa epi ki adapte souvan pou yo atache a yon sifas ki anba dlo a.
- population | popilasyon** Tout mamm nan yon espès ki abite nan menm zòn.
- population density | dansite popilasyon** Yon kantite moun nan yon zòn ki gen yon gwosè espesifik.
- potential energy | enèji potansyèl** Enèji yon objè genyen akoz pozisyon li; epitou se enèji estoke entèn yon objè, tankou enèji ki estoke nan lyezon chimik yo.
- power | pisans** Vitès kote yon fòm enèji transfòme nan yon lòt.
- precipitate | presipite** Yon solid ki fòme apati yon solisyon pandan yon reyaksyon chimik.
- precipitation | presipitasyon** Nenpòt dlo ki tonbe sot nan nyaj yo rive sou sifas Tè a sou fòm lapli, nèj, nèj k ap fonn oswa lagrèl.
- precision | presizyon** Fason yon gwoup mezi pwòch youn ak lòt.
- predation | predasyon** Yon entèaksyon kote yon òganis touye yon lòt pou l manje oswa pou nitriyan.
- predator | predate** Òganis ki touye lòt la nan yon entèaksyon predasyon.

- pressure | presyon** Fòs k ap pouse sou yon sifas divize pa sipèfisi sifas la.
- prey | viktim** Yon òganis yon lòt òganis touye epi ki sèvi kòm manje nan yon entèaksyon predasyon.
- primary succession | siksesyon primè** Seri chanjman ki fèt nan yon zòn kote pa gen ankenn tè oswa pa gen ankenn òganis ki egziste.
- prime meridian | meridyen orijin** Liy ki fè yon mwatye sèk sot nan Pòl Nò a pou rive nan Pòl Sid la epi ki pase atravè Greenwich, Angletè.
- probability | pwobabilitè** Yon chif ki dekri ki chans ki genyen pou yon evènman fèt.
- producer | pwodiktè** Yon òganis ki ka pwodui pòp manje li.
- product | pwodui** Yon sibstans ki fòme akoz yon reyakson chimik.
- prokaryote | pwokaryòt** Yon òganis iniselilè ki pa gen yon nwayo ak kék lòt estrikti selilè.
- prominence | pwotiberans** Yon kokennchenn bouk gaz woujat ki depase sot nan sifas soleÿ la, ki relye kék pati nan rejyon tach solè a.
- protein | pwoteyin** Gwo molekik òganik ki fèt avèk kabòn, idwojèn, oksijèn, azòt ak pafwa souf.
- protein synthesis | sentèz pwoteyin** Pwosesis kote asid amine yo vin makònèn youn ak lòt pou fòme pwoteyin.
- protist | pwotis** Yon òganis ekaryotik ki paka klase kòm yon animal, yon plant oswa yon chanpiyon.
- protons | pwoton** Yon ti patikil ki gen chaj pozitif ou jwenn nan nwayo yon atòm.
- protostar | pwotoetwal** Yon nyaj gaz ak pousyè kontrakte ki gen ase mas pou fòme yon etwal.
- prototype | pwototip** Yon modèl ki fonksyon yo itilize pou teste yon konsepsyon.
- protozoan | pwotozoyè** Yon pwotis iniselilè ki tankou yon animal.
- pseudopod | sedopòd** Yon “fo pye” oswa elajisman tanporè sitoplas yo itilize pou alimantasyon ak mouvman nan kék pwotozoyè.
- psychrometer | sikomèt** Yon enstriman yo itilize pou mezire imidite relatif.
- pulley | pouli** Yon senp machin ki genyen yon wou a gòj avèk yon kòd oswa yon kab ki vlope otou li.
- pulsar | pilsa** Yon etwal netwon ki fè wotasyon rapid ki pwodui onn radyoelektrik.

## punctuated equilibrium | ekilib ponkye

Modèl evolisyon kote kèk brèf peryòd chanjman ki pi rapid vin entèwont peryòd estab ki long.

**Punnett square | kare Punnett** Yon tablo ki montre tout konbinezon alèl ki posib akoz yon kwazman jenétik.

**pupa | nenf** Twazyèm faz metamòfoz konplè, kote yon lav devlope pou l vin yon ensèk adilt.

**pupil | nwa je** Ouvèti nan mitan iris la kote limyè rantre andedan je a.

**purebred | ras pi** Yon desandan kwazman ki gen menm kalite karakteristik.

## pyroclastic flow | ekoulman piwoklastik

Ekoulman sann, bonm ak gaz k ap desann nan bò yon vòlkan pandan yon eripsyon eksplozif.

## Q

### qualitative observation | obsèvasyon

**kalitatif** Yon obsèvasyon ki gen rapò ak karakteristik ki paka eksprime an chif.

### quantitative observation | obsèvasyon

**kantitatif** Yon obsèvasyon ki gen rapò ak yon chif oswa yon montan.

**quasar | kwaza** Yon galaksi ki enòmeman briyan, ki distan avèk yon kokennchenn twou nwa nan mitan li.

## R

**radial symmetry | simetri radyal** Yon plan transvèsal kote nepòt kantite liy imajinè ki pase atravè yon pwen santral divize animal la an de mwatye egal.

**radiation | radyasyon** Transfè enèji pa mwayen onn elektwomayetik.

**radiation zone | zòn radyasyon** Yon rejyon ki gen gaz ki byen konprese andedan soleÿ la kote enèji transfere prensipalman sou fòm radyasyon elektwomayetik.

**radio telescope | radyo-teleskòp** Yon aparèy yo itilize pou detekte onn radyoelektrik apati objè ki nan lespas.

**radio waves | onn radyoelektrik** Onn elektwomayetik ki gen longè donn ki pi long ak frekans ki pi ba.

**radioactive dating | datasyon radyoaktif** Pwosesis pou detèmine laj yon objè lè yo itilize demi vi yon izotòp radyoaktif oswa plis.

- radioactive decay | dezentegrasyon** Pwosesis kote nwayo eleman radyoaktif dekonpoze, epi ki relache patikil ak enèji ki deplase rapidman.
- radioactivity | radyoaktivite** Radyasyon espontane yon nwayo atomik ki pa estab emèt.
- radon | radon** Yon gaz san koulè, san odè ki radyoaktif.
- radula | radila** Yon riban fleksib dan tou piti ki nan molisk yo.
- rain forest | forè twopikal** Yon forè ki resevwa omwen 2 mèt dlo pa ane, sa rive plis nan zòn twopikal kliman imid.
- range | etandi** Diferans ant valè ki pi gran ak valè ki pi piti nan yon seri done.
- rarefaction | rarefaksiyon** Pati yon onn lonjitudinal kote patikil milye a elwaye youn de lòt.
- ray | reyon** Yon liy dwat yo itilize pou reprezante yon onn liminez.
- reactant | reyaktif** Yon sibstans ki randre nan yon reyaksyon chimik.
- reactivity | reyaktivite** Fasilité ak vitès kote yon eleman konbine oswa reyaji avèk lòt eleman ak konpoze yo.
- reactor vessel | kiv reyaktè** Pati yon reyaktè nikleyè kote fisyon nikleyè fèt.
- real image | imaj reyèl** Yon imaj tèt anba fòme lè reyon limyè rankontre.
- recessive allele | alèl resesif** Yon alèl ki kache nenpòt lè alèl dominant lan prezan.
- red blood cell | globil wouj** Yon selil nan san an ki pran oksijèn nan poumon yo epi ki pote l nan selil yo nan kò a.
- reference point | pwen referans** Yon kote oswa yon objè yo itilize pou konparezon pou detèmine si yon objè an mouvman.
- refinery | rafinri** Yon faktori kote yo chofe petwòl brit epi yo separe l an kabiran ak lòt pwodui.
- reflecting telescope | teleskòp reflektè** Yon teleskòp ki itilize yon miwa koube pou kolekte epi fokalize limyè.
- reflection | refleksyon** Rebondisman yon objè oswa yon onn lè li frape yon sifas kote li paka penetre.
- reflex | reflèks** Yon reyaksyon otomatik ki fèt rapidman epi san kontwòl konsyan.
- refracting telescope | long-vi** Yon teleskòp ki itilize yon lantiy konvèks pou ranmase epi fokalize limyè.
- refraction | refraksiyon** Koubi onn yo lè y ap randre nan yon novo milye nan yon ang, akoz yon chanjman nan vitès.
- regular reflection | refleksyon regilyè** Refleksyon ki rive lè reyon limyè paralè frape yon sifas lis epi tout reyon yo reflete nan menm ang.
- relative age | laj relativ** Laj yon wòch lè w konpare l ak laj lòt wòch.
- relative humidity | imidite relativ** Pousantaj vapè dlo nan lè a lè w konpare l avèk kantite maksimòm vapè dlo lè a ka genyen nan yon tanperati patikilye.
- relief | relyèf** Diferans nan elevasyon ant pati ki pi wo ak pati ki pi ba nan yon zòn.
- remote sensing | teledeteksyon** Itilizasyon satelit oswa sonn pou kolekte enfòmasyon konsènan latè ak lòt objè nan lespas.
- renewable resource | resous renouvlab** Yon resous ki toujou disponib oswa ki ka ranplase natirèlman nan yon peryòd ki pa twò long.
- replacement | ranplasman** Yon reyakson kote yon eleman ranplase yon lòt nan yon konpoze oswa lè de eleman nan diferan konpoze twoke plas.
- replication | replikasyon** Pwosesis kote yon selil fè kopi ADN nan nwayo li anvan divisyon selil la.
- reptile | reptil** Yon vètèbre kote se tanperati anviwonman li ki detèmine tanperati kò li, li genyen poumon ak po ki gen ekay, epi ki ponn ze sou tè.
- reservoir | rezèvwa** Yon lak ki estoke dlo pou moun sèvi.
- resistance | rezistans** Mezi ki montre difikilte ki genyen pou chaj sikile atravè yon objè.
- resonance | rezonans** Ogmantasyon nan anplitid yon vibrasyon ki fèt lè vibrasyon ekstèn matche avèk frekans natirèl yon objè.
- respiratory system | aparèy respiratwa** Yon sistèm ògàn ki pèmèt òganis yo echanje gaz avèk anviwonnanman yo.
- responding variable | varyab eksplike** Faktè ki chanje akoz kèk chanjman nan varyab manipile oswa endependan nan yon eksperyans; yo rele l tou varyab depandan.
- response | reyakson** Yon aksyon oswa chanjman nan konpòtman ki fèt akoz yon estimilan.
- retina | retin** Kouch selil reseptè ki pa dèyè je a kote yon imaj fokalize.

**reverse fault | fay envès** Yon tip fay kote wòch ki sou mi yo glise anwo; konpresyon nan kwout la ki koze sa.

**revolution | revolisyon** Mouvman yon objè ozanviwon yon lòt objè.

**rhizoid | rizoyid** Yon estrikti fen, tankou yon rasin ki ankre yon mous epi ki absòbe dlo ak nitriyan pou plant lan.

**ribosome | ribozòm** Yon ti ògàn ki gen fòm gressnan sitoplas yon selil ki pwodui pwoteyin.

**Richter scale | echèl Richter** Yon echèl ki evalye mayitud yon tranblemanntè selon gwosè onn sismik li.

**rift valley | vale aksyal** Yon vale pwofon ki fòme kote de plak separe.

**rill | ti wiso** Yon ti siyon dlo k ap koule kreye nan tè a.

**ring | sèk** Yon sèk ti patikil glas ak wòch ki antoure yon planèt.

**rip current | kouran arachman** Yon kouran fò, eta ki briyèvman soti sou rivaj la pou retounen nan lanmè a atravè yon ouvèti eta.

**risk-benefit analysis | analiz risk - benefis** Pwosesis pou evalye pwoblèm yon teknoloji kapab genyen lè yo konpare l avèk avantaj yo ka espere.

**river | rivyè** Yon dlo natirèl k ap koule jiskaske l rive nan yon lòt etandi dlo, tankou yon oseyan, yon lak oswa yon lòt rivyè.

**rock cycle | sik wòch** Yon seri pwosesis sou sifas ak andedan latè ki chanje wòch lantman de yon kalite a yon lòt.

**rock-forming mineral | mineral ki ka fòme wòch** Nenpòt nan mineral komen yo ki konpoze pifò wòch nan kwout latè.

**rods | batonè** Selil nan retin nan ki detekte limyè fèb.

**rolling friction | fwotman pa woulman** Frikyon ki rive lè yon objè woule sou yon sifas.

**root cap | kwaf** Yon estrikti ki kouvari pwent yon rasin, ki pwoteje rasin lan kont domaj pandan rasin lan ap grandi nan tè a.

**rotation | wotasyon** Mouvman tounwayan yon planèt sou aks li.

**rover | astwomobil** Yon ti sonn wobotik ki ka deplase sou sifas yon planèt oswa sou lalin.

**runoff | ekoulman** Dlo ki koule sou sifas tè a olye pou l penetre nan tè a.

## S

**S wave | onn S** Yon tip onn sismik kote tranbleman an pèpandikilè a direksyon onn lan.

**salinity | salinite** Kantite total sèl ki fonn nan yon echantiyon dlo.

**salt | sèl** Yon kopoze iyonik ki fèt apati neutralizasyon yon asid avèk yon baz.

**sand dune | din sab** Yon pil sab van an pouse.

**sanitary landfill | dechaj kontwole** Yon dechaj fatra ki gen dechè ki pa danjre tankou dechè solid minisipal, debri konstriksyon, ak kèk dechè agrikòl ak endistriyèl.

**satellite | satelit** 1. Yon objè k ap vire toutotou yon planèt. 2. Yon objè k ap vire toutotou yon lòt objè nan lespas.

**saturated solution | solisyon satire** Yon melanj ki genyen otan sibstans an solisyon ki posib nan yon tanperati done.

**saturated zone | zòn satire** Zòn wòch oswa tè pèmeyab kote fant yo ak espò yo totalman plen ak dlo.

**savanna | savann** Yon patiraj ki toupre ekwatè a ki enkli abis ak ti pyebwa epi ki resevwa ozanviwon 120 santimèt lapli pa ane.

**scale | echèl katografik** Yo itilize l pou fè rapò ant distans sou yon kat jeyografik oswa yon glòb ak distans sou sifas latè.

**scattering | difizyon** Refleksyon limyè nan tout direksyon.

**scavenger | chawonya** Yon kanivò ki manje kadav oswa òganis k ap dekonpoze.

**scientific law | lwa syantifik** Yon deklarasyon ki dekri ki sa syantis yo espere kap rive chak fwa nan yon seri kondisyon patikilye.

**scientific notation | notasyon syantifik** Yon metòd matematik yo itilize pou ekri chif avèk pisans dis.

**scientific theory | teyori syantifik** Yon eksplikasyon ki byen teste pou yon gran gam obsèvasyon oswa rezulta eksperimental.

**scrotum | eskwotòm** Yon pòch tisi kitane ekstèn ki genyen testikil yo.

**sea breeze | briz lanmè** Lè fre kap vante sot sou lanmè oswa yon lak pou vin sou tè.

**sea-floor spreading | ekspansyon fon oseyanik** Pwosesis kote matyè an fizyon ajoute nouvo kwout oseyanik nan fon lanmè a.

**seamount | mòn soumaren** Yon mòn vòlkanik ki gen bò enkline kap monte apati fon lanmè a.

**secondary succession | siksesyon segondè**

Seri chanjman ki fêt nan yon zòn kote ekosistèm nan te deranje, men toujou gen tè ak òganis ki egziste.

**sediment | sediman** Ti moso materyèl solid ki soti nan wòch oswa nan rès òganis; materyèl tè a ki fè depo akoz ewozyon.**sedimentary rock | wòch sedimentè** Yon tip wòch ki fòme lè patikil ki sot nan lòt wòch oswa rès plant oswa bêt konprese epi simante ansanm.**seismic wave | onn sismik** Vibrasyon ki vwayaje atravè latè ki pote enèji ki degaje pandan yon tranblemanntè.**seismogram | sismogram** Dosye onn sismik yon tranblemanntè yon sismograf pwodui.**seismograph | sismograf** Yon aparèy ki anrejistre mouvman tè a fè akoz onn sismik pandan y ap fè mouvman anba tè a.**selective breeding | elvaj selektif** Metòd elvaj ki pèmèt se sèlman òganis ki gen trè karakteristik dezirab ki pou pwodui pwochen jenerasyon an.**selective cutting | koup ekremaj** Pwosesis kote yo koupe sèlman kèk espès pyebwa nan yon zòn.**selectively permeable | pèmeyab de fason**  
**selektif** Yon pwopriyete manbràn selilè ki pèmèt kèk sibstans penetre li, alòske gen lòt ki pa kapab.**semicircular canals | kanal semi-sikilè** Estriktii nan zòrèy entèn nan ki responsab pou sans ekilib.**semiconductor | semi-kondiktè** Yon sibstans ki ka kondwi kouran elektrik nan kèk kondisyon.**sensory neuron | newòn sansoryèl**  
Yon newòn ki resevwa estimilan nan anviwonnan entèn oswa ekstèn epi li konvèti chak estimilan an yon enpilsyon nève.**sepal | sepal** Yon estrikti tankou yon fèy ki antoure epi pwoteje boujon yon flè.**series circuit | sikwi seri** Yon sikwi elektrik kote tout pati yo konekte youn aprè lòt nan yon menm sikwi.**sewage | dlo ize** Dlo ak dechè moun bay ki vide nan lavabo yo, nan twalèt yo ak nan douch yo.**sex chromosomes | kwomozòm seksyèl** Yon pè kwomozòm ki pote jèn ki detèmine si yon moun se yon gason oswa yon fi.**sex-linked gene | jèn ki lye ak sèks** Yon jèn ki nan yon kwomozòm seksyèl (X oswa Y).**sexual reproduction | repwodiksyon seksyèl**  
Yon pwosesis repwodiksyon ki enplike de paran ki konbine materyèl jenetik yo pou pwodui yon nouvo òganis ki diferan de toulè de paran yo.**sexual selection | seleksyon seksyèl** Yon kalite seleksyon natirèl kap aji sou kapasite yon òganis genyen pou l jwenn pi bon patnè seksyèl li te ka jwenn nan.**shared derived characteristic | karakteristik derive pataje** Yon karakteristik oswa trè, tankou fouri, ansèt komen yon gwoup te pase bay desandan l yo.**shearing | sizayman** Èstrè ki pouse mas wòch nan direksyon opoze, nan yon mouvman lateral.**shield volcano | vòlkan boukliye** Yon mòn laj, lejèman enklina ki fêt avèk kouch lav epi fòme pa eripsyon silansye.**short circuit | kou-sikui** Yon koneksyon ki pèmèt kouran pase nan sikui ki gen mwens rezistans.**short-day plant | plant jou kout** Yon plant ki fleri lè nwit yo pi long pase longè nwit kritik plant lan.**significant figures | chif siyifikatif** Tout chif nan yon mezi ki te mezire egzakteman, plis yon chif kote yo estime valè li.**silica | silis** Yon materyèl nan magma ki fòme apati eleman oksijèn ak silisyòm; se sibstans prensipal kwout ak manto latè.**sill | filon-kouch** Yon dal wòch vòlkanik ki fòme lè magma konprese ant kouch wòch yo.**skeletal muscle | misk eskeletik** Yon misk ki atache a zo eskelèt la epi li bay fòs ki deplase zo a; yo rele l tou misk estriye.**sliding friction | fwotman pa glisman** Fwotman ki fêt lè yon sifas solid glise sou yon lòt.**slope | pant** Enklinezon yon liy sou yon grafik; rapò ki genyen ant chanjman vètikal la (monte) ak chanjman orizontal la (deplasman).**small intestine | ti entesten** Pati sistèm dijestif la kote pifò dijesyon chimik la fêt.**smooth muscle | misk lis** Misk envolontè ou jwenn andedan anpil ògàn entèn nan kò a.**society | sosyete** Yon gwoup animal ki aparante ki nan menm espès ki travay ansanm nan yon fason ki byen òganize pou benefis gwoup la.

- soil | sòl** Matyè ki dekole e ki ize ki sou sifas Tè a kote plant yo ka pouse.
- soil horizon | orizon** Yon kouch tè ki differan nan koulè ak teksti de kouch ki anwo l oswa anba l.
- solar eclipse | ekripsyon solè** Blokaj limyè solèy sou latè lè lalin lan nan yon pozisyon ki dirèkteman ant solèy la ak latè.
- solar flare | eripsyon solè** Yon eripsyon gaz ki sot sou sifas solèy la ki rive lè kouwòn nan rejon tach solè a konekte toudenkou.
- solar system | sistèm sole** Sistèm ki gen ladan l solèy la, planèt yo ak lòt objè k ap vire toutotou l yo.
- solar wind | van solè** Yon kouran patikil ki elektrikman chaje ki soti nan kouwòn tè a.
- solenoid | solenoyid** Yon bobin fil elektrik anwoule an espiral ki gen kouran.
- solid | solid** Yon eta matyè ki gen yon fòm ak yon volim ki byen defini.
- solstice | solstis** Youn nan de jou nan ane a kote solèy la rive nan pi gwo distans parapò ak ekwatè a.
- solubility | soliblite** Yon mezi ki valè solite ki ka fonn nan yon sòlvan done nan yon tanperati done.
- solute | solite** Pati yon solisyon ki fonn pa yon sòlvan.
- solution | solisyon** Yon melanj ki genyen yon sòlvan epi omwen yon solite ki gen menm pwopriyete toupatou; yon melanj kote yon sibstans fonn nan yon lòt.
- solvent | sòlvan** Pati yon solisyon ki nòmalman prezan an pi gwo kantite epi ki fonn yon solite.
- somatic nervous system | sistèm nève somatik** Gwoup nè nan sistèm nève periferik la ki kontwole aksyon volontè.
- sonar | sona** Yon sistèm ki itilize onn akoustik reflechi pou lokalize epi détèmine distans pou rive sou kèk objè anba dlo.
- sonogram | sonogram** Yon imaj ki fòme lè yo itilize onn iltrasyon reflechi.
- space probe | sonn espasyal** Yon veso espasyal ki gen differan enstriman syantifik ki ka kolekte done, ikonpri imaj vizyèl, men ki pa gen manm ekipaj imen.
- species | espès** Yon gwoup òganis ki similè ki ka akouple youn avèk lòt epi pwodui desandan ki ka akouple epi repwodui tou.
- specific heat | chalè espesifik** Kantite chalè ki nesesè pou ogmante tanperati 1 kilogram matyè pa 1 kelvin, ki ekivalan a 1°C.
- spectrograph | espektograf** Yon enstriman ki separe limyè an koulè epi pwodui yon imag varyete koulè yo.
- spectrum | espèk** Etandi longè donn onn elektromayetik yo.
- speed | vitès** Distans yon objè vwayaje pa inite tan.
- spinal cord | kolòn vètebral** Kolòn epè tisi nève ki lye sèvo a avèk pifò nè yo nan sistèm nève periferik la.
- spiral galaxy | galaksi espiral** Yon galaksi ki gen yon bilb santral ak bra k ap tounen an wotasyon nan yon modèl wou a van.
- spit | flèch litoral** Yon plaj ki fòme avèk sediman ki bò plaj la ki pwoteje tankou yon dwèt ki pwente sou dlo a.
- spongy bone | zo esponjye** Kouch tisi ose ki gen anpil ti espas epi ou jwenn li andedan kouch zo konpak la.
- spontaneous generation | jenerasyon espontane** Ide ewone ki fè konnen èt vivan yo soti nan sous inèt.
- spore | espò** Nan bakteri, pwotis ak chanpion yo, yon selil ki gen pawa epè ki kapab siviv nan kondisyon ki pa favorab epi aprèsa grandi pou vin tounen yon nouvo òganis.
- sporophyte | espowofit** Faz nan sik lavi yon plant kote plant lan pwodui espò.
- spring tide | gran mare** Mare ki gen pi gran diferans ant mare ba ak mare wo konsekitif.
- stalactite | estalaktit** Yon estrikti kristalin ki pandye nan twati yon kavèn.
- stalagmite | estalagmit** Yon fòm tankou yon kolòn ki grandi an asandan apati planche yon kavèn.
- stamen | etamin** Pati repwodiktif mal yon flè.
- standing wave | onn estasyonè** Yon onn ki sanble li kanpe yon sèl kote, byenke se de onn k ap entèfere pandan youn ap pase andedan lòt.
- star | etwal** Yon boul gaz cho, prensipalman idwojèn ak elyòm, ki sibi fizyon nikleyè.
- static discharge | dechaj elektriske estatik** Pèt elektriske estatik pandan transfè chaj elektrik de yon objè a yon lòt.
- static electricity | elektriske estatik** Yon akimilasyon chaj elektrik sou yon objè.
- static friction | fwotman estatik** Fwotman ki aji ant objè ki pa an mouvman.
- steppe | estèp** Yon preri oswa patiraj ou jwenn nan rejon semi-arid.

- stimulant | estimilan** Yon medikaman ki akselere pwosesis nan kò a.
- stimulus | estimilis** Tout chanjman oswa siyal nan anviwonnan an ki ka fè yon òganis reyaji nan yon fason.
- stoma | estomat** Yon ti ouvèti nan epidèm yon fèy kote oksijèn, dlo ak dyoksid kabòn ka deplase.
- stomach | vant** Yon ògàn nan fòm yon sak miskilè kote manje dekonpoze, ògàn sa a nan abdomèn nan.
- storm | tanpèt** Yon gwo dezòd nan atmosfè a.
- storm surge | onn tanpèt** Yon "vout" dlo ki baleye kot kote yon siklòn ateri.
- stratosphere | estratosfè** Dezyèm kouch enferyè atmosfè latè.
- stratus | estratis** Nyaj ki fòme nan kouch plat epi souvan li kouvari pifò syèl la.
- streak | tras** Koulè poud yon mineral.
- stream | kou dlo** Yon canal kote dlo ap kontinye desann.
- stress | estrès** 1. Yon fòs ki aji sou wòch ki fè l chanje fòm li oswa volim li. 2. Reyakson kò yon moun devan yon evènman ki potansyèlman menasan, pwovokatè oswa enkyetan.
- striated muscle | misk estriye** Yon misk ki parèt an band; yo rele l tou misk eskeletal.
- strike-slip fault | fay koulisant** Yon kalite fay kote wòch ki sou toulè de bò yo deplase akote youn lòt lateralman avèk yon ti mouvman monte desann.
- subarctic | sibaktik** Yon zòn klimatik ki onò klima kontinantal imid yo.
- subduction | sibdiksyon** Pwosesis kote kwout oseyanik la koule anba yon tranche anba lanmè a epi li retounen nan manto a nan yon fontyè plak konvèjant.
- sublimation | siblimasyon** Chanjman nan eta de yon solid dirèkteman a yon gaz san matyè a pa pase nan eta likid la.
- subscript | endis enferyè** Yon nimewo nan yon fòmil chimik ki fè konnen kantite atòm nan yon molekil oswa rapò eleman yo nan yon konpoze.
- subsoil | sousòl** Kouch sòl ki anba tè arab la ki genyen mwens matyè vejetal ak animal pase tè arab la epi li genyen plis ajil ak lòt mineral.
- substance | sibstans** Yon kalite matyè inik ki pi epi ki gen yon seri pwopriyete espesifik.
- succession | siksesyon** Seri chanjman previzib ki rive nan yon kominote avèk le tan.
- sun | solèy** Yon gwo kò ki plen gaz nan mitan sistèm solè a.
- sunspot | tach solè** 1. Yon zòn sonb sou sifas solèy la ki pi fre pase gaz ki azanviwon yo. 2. Yon reyon relativman sonb, fre sou sifas solèy la.
- supernova | sipènova** Eksplozyon briyan yon etwal sipèjeyan k ap mouri.
- surface tension | tansyon sipèfisyèl** Rezulta yon fòs ki egzèse sou molekil yon likid ki fè molekil yo monte sou sifas la pi pwòch youn de lòt; sa fè sifas la aji tankou li gen yon po mens.
- surface wave | onn sifas** Yon tip onn sismik ki fòme lè onn P ak onn S rive sou sifas latè.
- surveying | apantaj** Yon pwosesis kote moun k ap fè kat yo ap detèmine distans ak elevasyon yo grasa yon seri enstriman ak prensip jeyometri yo.
- suspension | sispansyon** Yon melanj kote yo ka obsève epi separe patikil yo fasilman pa mwayen pwosesis dekantasyon oswa filtrasyon.
- sustainable | dirab** Itilizasyon yon resous yon fason pou kantite l la rete menm jan pandan yon peryòd tan.
- sustainable use | itilizasyon dirab** Itilizasyon yon resous nan fason ki mentni resous la nan yon sèten kalite pandan yon sèten peryòd tan.
- sustainable yield | rannman dirab** Yon kantite resous renouylab yo ka rekòlte regilyèman san sa pa redui resous yo alavni.
- swim bladder | vesi natatwa** Yon ògàn entèn ki ranpli ak gaz ki ede yon pwason ose stabilize kò li nan diferan pwofondè dlo.
- symbiosis | senbyoz** Nenpòt relasyon kote de espès viv pwòch youn de lòt epi ki benefisyé omwen youn nan espès yo.
- synapse | sinaps** Pwen kote yon newòn ka transfere yon enpilsyon nan pwochen estrikti a.
- synthesis | sentèz** Yon reyakson chimik kote de sibstans senp oswa plis konbine pou fòme yon nouvo sibstans ki pi konplèks.
- synthetic | sentetik** Yon bagay lòm kreye oswa fabrike; li pa egziste nan lanati.
- system | sistem** 1. Yon gwoup pati ki travay ansanm kòm yon sèl. 2. Yon gwoup pati ki aparante ki travay ansanm pou akonpli yon fonksyon oswa pwodui yon rezilta.

# T

- T cell | lenfosit T** Yon lenfosit ki idantifye patojèn yo epi ki distenge yon patojèn de yon lòt.
- tar | goudwon** Yon sibstans nwa, kolan ki fòme lè yo boule tabak.
- target cell | selil sib** Yon selil nan kò a ki rekonèt estrikti chimik yon òmòn.
- taste buds | papiy gistativ** Reseptè sansoryèl lang lan ki reyaji a pwodui chimik nan manje.
- taxonomy | taksonomi** Etid syantifik sou fason yo klase èt vivan yo.
- telescope | teleskòp** Yon enstriman optik pou fè moun wè bagay ki lwen yo yon fason ki pi gwo.
- temperate zones | zòn tanpere** Rejyon ki ant zòn twopikal ak zòn polè yo.
- temperature | tanperati** Jan yon bagay cho oswa frèt; mezi enèji sinetik mwayèn patikil yo genyen nan yon sibstans.
- temperature inversion | envèsyon tanperati** Yon kondisyon kote yon kouch lè cho trape lè polye ki pre ak sifas latè.
- tendon | tandon** Tisi konjonktif rezistan ki konekte misk yo ak zo yo.
- tension | traksyon** Kontrent ki alonje wòch konsa li vin pi mens nan mitan.
- terrestrial planets | planèt telirik** Non yo konn souvan bay kat premye planèt yo: Mèki, Venis, Latè ak Mas.
- territory | teritwa** Yon zòn yon animal oswa yon gwoup animal okipe epi pwoteje.
- testis | testikil** Ògàn sistèm repwodiktif mal la ki pwodui espèm ak testostewòn.
- testosterone | testostewòn** Yon òmòn testikil yo pwodui ki kontwole devlopman espèm ak karakteristik mal adilt.
- thermal conductivity | kondiktivite tèmik** Kapasite yon objè genyen pou l transfere chalè.
- thermal energy | enèji tèmik** Kantite total enèji sinetik ak enèji potansyèl tout patikil ki nan yon objè yo genyen.
- thermal expansion | dilatasyon tèmik** Jan matyè a ap detire l anba chalè.
- thermal pollution | polisyon tèmik** Yon kalite polisyon faktori ak santral elektrik yo lakòz lè y ap vide dlo ki cho anpil nan etandi dlo natirèl yo.
- thermogram | tèmogram** Yon imaj ki montre rejyon tanperati diferan nan diferan koulè.
- thermosphere | tèmosfè** Kouch ki pi aleksteryè atmosfè latè.
- thrust | pause** Fòs pwopilsyon yon fize.
- thunderstorm | oraj** Yon ti tanpèt ki konn mache avèk gwo presipitasyon, tonnè ak kout zeklè.
- tide | mare** Monte desann nivo dlo a fè yon fason ki peryodik nan oseyan an.
- till | til** Sediman yon glasye depoze dirèkteman.
- tissue | tisi** Yon gwoup selil ki similè ki akonpli yon fonksyon presi.
- tolerance | tolerans** Yon eta kote yon konsomatè medikaman bezwen yon pi gwo kantite medikaman an pou l ka pwodui menm efè sou kò a.
- topography | topografi** Konfigirasyon teren an ki detèmine pa elevasyon, relyèf ak fòm teren an.
- topsoil | tè arab** Pati sipèfisyèl sòl la ki friyab ki konpoze de ajil ak lòt mineral ak imis (nitriyan ak matyè plant ak bèt k ap dekonpoze).
- tornado | tònad** Yon nyaj an fòm antonwa k ap toubiyonnen rapidman ki rive desann sou sifas latè.
- toxin | toksin** Yon pwazon ki ka fè yon òganis ditò.
- trace fossil | anprent fosil** Yon tip fosil ki bay prèv kèk aktivite òganis ansyen yo.
- tracer | trasè** Yon izotòp radyoaktif ki ka idantifye fasilman gras a etap yon reyaksyon chimik oswa pwoesis endistriyèl.
- trachea | trache** Trache a; yon tib kote lè sikile nan sistèm respiratwa a.
- trait | karakteristik** Yon karakteristik espesifik yon òganis ka transmèt desandan l yo atravè jèn yo.
- transfer RNA | ARN transfè** Tip ARN nan sitoplas la ki transpòte yon asid anime nan ribozòm nan pandan sentèz pwoteyin nan.
- transform boundary | fontyè transfòmant** Yon limit plak litosferik kote de plak yo deplase nan direksyon ki opoze youn ak lòt.
- transformer | transfòmatè** Yon aparèy ki ogmante oswa redui voltag, ki souvan se de bobin separe ki gen fil izole ki makonnen nan yon nwayo an fè.
- translucent | translisid** Yon tip materyèl ki difize limyè pandan l ap pase.
- transparent | transparan** Yon tip materyèl ki transmèt limyè san l pa difize l.
- transpiration | transpirasyon** Pwoesis kote dlo pedi pa mwayen fè yon plant.

**transverse wave | onn transvèsal** Yon onn ki deplase milye a nan ang dwa nan direksyon kote onn lan ap deplase a.

**trench | fòs oseyanik** Yon kanyon kot eskape nan fon lanmè a.

**tributary | afliyan** Yon wiso oswa rivyè ki koule nan yon rivyè ki pi gwo.

**triple bond | trip lyezon** Yon lyezon chimik ki fòme lè atòm yo pataje twa pè elekwon.

**tropical zone | zòn twopikal** Rejyon ki toupre ekwatè a ant 23,5 degre latitud nò ak 23,5 degre latitud sid.

**tropism | twopis** Reyakson yon plant fè nan direksyon oswa lwen yon estimilan.

**troposphere | twoposfè** Kouch enferyè atmosfè latè.

**trough | kre** Pati yon onn transvèsal ki pi ba a.

**tsunami | sinami** Yon vag jeyan ki sot nan fon lanmè a yon tranblemanntè souvan koze.

**tundra | tounndra** Yon rejyon ki gen klima byòm ki ekstrèmman frèt, sèk ki karakterize pa ete ki kout epi fre ak ivè ki kriyèlman frèt.

## U

**ultrasound | iltrason** Onn akoustik ki gen frekans ki pi wo pase 20,000 Hz.

**ultraviolet rays | reyon iltravole** Ond elektwomayetik ki gen yon longè ki pi kout pase limyè vizib la men ki pi long pase reyon X yo.

**umbra | onb** Pati ki pi sonb yon lonbraj.

**unconformity | diskòdans** Yon lakin nan dosye jeyolojik ki montre kote kouch wòch yo te pèdi akoz ewozyon.

**understory | vejetasyon sou-etaj** Yon kouch pyebwa ki pi kout ak saman viy ki grandi nan onbraj yon kouvè forestye.

**unicellular | iniselilè** Ki fèt ak yon sèl selil.

**uniformitarianism | aktyalis** Prensip jeyolojik kote se menm pwosesis jeyolojik ki an operasyon jodi a te opere nan le pase pou chanje sifas latè.

**universe | linivè** Tout espas ki egziste ak tout sa ki ladan l yo.

**unsaturated zone | zòn non-satire** Kouch wòch ak tè ki anwo nap freyatik la kote ki gen espò ki genyen lè ansanm ak dlo.

**upwelling | remonte dlo frèt** Mouvman dlo frèt k ap monte sot nan fon lanmè akoz van.

**urea | ire** Yon pwodui chimik ki sot nan dekonpozisyon pwoteyin.

**ureter | iretè/tiyo ren** Yon tib etwat ki pote pipi sot nan youn nan ren yo pou ale nan vesi irinè a.

**urethra | irèt** Yon ti tib ki pèmèt pipi soti nan kò a.

**urinary bladder | vesi irinè** Ògàn miskilè ki tankou yon sak ki estoke pipi jiskaske li kite kò a.

**uterus | matris** Ògan miskilè kre nan sistèm repwidiktif femèl la kote yon ze ki fegonde devlope.

## V

**vaccination | vaksinasyon** Pwosesis kote yo entwodui antijèn inofansif delibereman nan kò yon moun pou pwodui iminite aktif; yo rele l tou iminizasyon.

**vaccine | vaksen** Yon sibstans yo itilize nan yon vaksinasyon kote patojèn yo te febli oswa touye men ki ka toujou estimile kò a pou l pwodui sibstans chimik ki detwi patojèn yo.

**vacuole | vakyòl** Yon ti ògàn ki tankou yon sak ki estoke dlo, manje ak lòt materyèl.

**vacuum | depresyon** Yon kote ki pa gen ankenn matyè.

**valence electrons | elektwon valans** Elektwon ki nan nivo enèji ki pi wo yon atòm ki enplike nan lyezon chimik.

**valley glacier | glasye vale** Yon glasye ki long, ewat ki fòme lè nèj ak glas akimile nan vale yon mòn.

**valve | valv** Yon repli tisi nan kè a oswa yon venn ki anpeche san a remonte nan direksyon opoze.

**vaporization | vaporizasyon** Chanjman deta sot nan yon likid pou tounen yon gaz.

**variable | varyab** Yon faktè ki ka chanje nan yon eksperyans.

**variation | varyasyon** Tout diferans ant endividé nan menm espès.

**vascular tissue | tisi vaskilè** Tisi transpò entèn nan kèk plant ki konpoze avèk estrikti ki tankou tib ki transpòte dlo, manje ak mineral.

**vein | venn** 1. Filon mens yon mineral ki nètman differan avèk wòch ki lateral la. 2. Yon vesò sangen ki pote san retounen nan kè a.

**velocity | vitès** Vitès nan yon direksyon done.

<b>vent   evan</b> Ouvèti kote wòch ki fonn ak gaz kite yon vòlkan.	<b>wave height   wotè vag</b> Distans vètikal ant krèt la ak kre yon vag.
<b>ventricle   vantrikil</b> Yon kavite enferyè kè a ki ponpe san sot nan poumon yo oswa nan kò a.	<b>wavelength   longè ond</b> Distans ant de pati yon ond ki koresponn, tankou distans ant de pwent yo.
<b>vertebrae   vètèb</b> Zo ki konpoze kolòn vètebral yon òganis. Nan imen yo, se youn nan 26 zo ki konpoze kolòn vètebral la.	<b>weathering   degradasyon</b> Pwosesis chimik ak fizik ki dekonpoze wòch ak lòt sibstans.
<b>vertebrate   vètèbre</b> Yon animal ki gen yon kolòn vètebral.	<b>wedge   kwen</b> Yon aparèy senp ki gen yon plan enklivé ki deplase.
<b>vibration   vibrasyon</b> Yon mouvman repete ale-retou oswa monte-desann.	<b>weight   pwa</b> Yon inite mezi fòs gravite kap aji sou yon objè.
<b>villi   vilozite</b> Ti estrikti ki sanble ak dwèt ki kouvri sifas enteryè ti entesten an epi ki ofri yon sifas ki laj ki pèmèt absòpsyón manje ki dijere.	<b>well   pi</b> Yon twou ki antre fon anba tè a pou rive nan yon rezèv dlo.
<b>virtual image   imaj vityèl</b> Yon imaj vètikal ki fòme ki sanble se la reyon limyè yo sòti.	<b>wetland   marekaj</b> Yon teritwa ki kouvri ak yon kouch dlo ki pa fon pandan yon pati oswa pandan tout ane a.
<b>virus   viris</b> Yon ti patikil inèt ki rantre epi repwodui andedan yon selil vivan.	<b>wheel and axle   wou ak esye</b> Yon machin senp ki genyen de objè k ap tounen an won ki pivoté otou yon pwen santral, chak ladan yo genyen yon reyon diferan.
<b>viscosity   viskozite</b> Rezistans yon likid a ekoulman.	<b>white blood cell   globil blan</b> Yon selil sangen ki konbat maladi.
<b>visible light   limyè vizib</b> Reyonnman elektwomayetik moun ka obsève a lèy ni.	<b>white dwarf   nèn blanch</b> Nwayo ble-blanc cho yon etwal ki rete dèyè aprè kouch eksteryè yo te elaqi epi derive nan lespas.
<b>volcanic neck   chemine vòlkanik</b> Yon depo magma ki vin di nan chemine yon vòlkan.	<b>wind   van</b> Mouvman orizontal lè a fè sot nan yon zòn presyon wo pou ale nan yon zòn presyon ki pi ba.
<b>voltage   vòltaj</b> Diferans nan enèji potansyèl elektrik pa chaj ant de andwa nan yon sikui.	<b>wind-chill factor   endis refwadisman</b>
<b>volume   volim</b> Kantite espas ki anndan yon matyè.	<b>ewolyen</b> Yon mezi refwadisman efè konbine tanperati ak vitès van.
<b>voluntary muscle   misk eskeletik</b> Yon misk ki sou kontwòl konsyans.	<b>windward   nan direksyon van</b> Bò yon chèn montay ki fè fas a direksyon van an.

## W

<b>water cycle   sik dlo</b> Mouvman kontinantal dlo fè pamí sifas atmosfè latè, oseyan yo ak tè grasa evaporasyon, kondansasyon ak presipitasyon.
<b>water table   nap freyatik</b> Sifas zòn satire a, oswa pwofondè dlo souteren anba sifas latè.
<b>water vascular system   sistèm vaskilè dlo</b> Yon sistèm tib ki plen ak likid nan kò yon ekinodèm.
<b>watershed   basen idwolojik</b> Tèritwa ki bay yon rezo idwografik dlo.
<b>watt   wat</b> Inite mezi enèji lè yon joul travay fèt nan yon segonn.
<b>wave   onn/vag</b> 1. Yon ajitasyon ki transfere enèji de yon kote a yon lòt. 2. Mouvman enèji atravè yon mas dlo.

<b>wave height   wotè vag</b> Distans vètikal ant krèt la ak kre yon vag.
<b>wavelength   longè ond</b> Distans ant de pati yon ond ki koresponn, tankou distans ant de pwent yo.
<b>weathering   degradasyon</b> Pwosesis chimik ak fizik ki dekonpoze wòch ak lòt sibstans.
<b>wedge   kwen</b> Yon aparèy senp ki gen yon plan enklivé ki deplase.
<b>weight   pwa</b> Yon inite mezi fòs gravite kap aji sou yon objè.
<b>well   pi</b> Yon twou ki antre fon anba tè a pou rive nan yon rezèv dlo.
<b>wetland   marekaj</b> Yon teritwa ki kouvri ak yon kouch dlo ki pa fon pandan yon pati oswa pandan tout ane a.
<b>wheel and axle   wou ak esye</b> Yon machin senp ki genyen de objè k ap tounen an won ki pivoté otou yon pwen santral, chak ladan yo genyen yon reyon diferan.
<b>white blood cell   globil blan</b> Yon selil sangen ki konbat maladi.
<b>white dwarf   nèn blanch</b> Nwayo ble-blanc cho yon etwal ki rete dèyè aprè kouch eksteryè yo te elaqi epi derive nan lespas.
<b>wind   van</b> Mouvman orizontal lè a fè sot nan yon zòn presyon wo pou ale nan yon zòn presyon ki pi ba.
<b>wind-chill factor   endis refwadisman</b>
<b>ewolyen</b> Yon mezi refwadisman efè konbine tanperati ak vitès van.
<b>windward   nan direksyon van</b> Bò yon chèn montay ki fè fas a direksyon van an.
<b>work   travay</b> Fòs ki egzèse sou yon objè ki lakoz li deplase.

## X

<b>X-rays   reyon-X</b> Reyonnman elektwomayetik kote longè donn yo pi kout pase reyon ultravyolè yo men yo pi long pase reyon gama yo.
<b>xylem   zilèm</b> Tisi vaskilè ki pote dlo ak mineral nan kèk plant.

## Z

<b>zygote   zigòt</b> Yon ze fegonde, ki fèt lè yo reyini yon espèm ak yon ovil.
--